JÄHAN
BALALAR ÄDEBIÝATY





# ERTEKLER

EŇ SAÝLANDY
AWDARMALAR




UDK: 398.21(575.172)
BBK: Sb
E-41

ERTEKLER *(Eń saylandı awdarmalar)*. — Nókis. «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018-jıl. 64 bet.

Kórkem ádebiyat — hárqanday insannıń kewlinde jaqsılıq, insanıylıq sıyaqlı pazıyletlerdi sińdirip baradı. Qolıńızdağı bul kitapta kitapqumar oqıwshılarımız jáhán balalar ádebiyatı jazıwshılarınıń shığarmaları menen oqıp tanısadı. Bul kitaptağı shığarmalardı qaraqalpaq tiline awdarğan bir qansha tariyxıy-publicistikalıq kitapshalar avtorı Esnazar Úsenov. Onıń «Iyshan qala»,«Ǵayrı jurtlardağı qaraqalpaqlar» (1992), «Xanmaqsım» (1998), «Meniń áyyemgi Qaraqalpaqstanım» (2016) kitapları «Qaraqalpaqstan» baspasında jarıq kórdi.

Pikir bildiriwshi:

**Seydin Ámirlan** — *Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń ádebiy másláhátshisi.*

ISBN 978-9943-5173-8-7

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90496

T 18

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018-jıl.
© Ertekler, 2018-jıl.

# UAYLD OSKAR

*(1854—1900)*

## JULDÍZ BALA

Qayıń aǵashları qaplap atırǵan toǵaylıq penen eki otınshı ayaqların jay basıp, úylerine qayttı. Qıstıń aqshamı biraz qáhárin jawǵan. Qar jerdiń betin tolıq qaplaǵan hám daraq shaqalarında da qatpar-qatpar bolıp qatıp qalǵan. Tawdan sarqılǵan kishigirim say muzlap úlgergen hám suw Muz aqsaqaldıń nápesi menen tasmiytin bolǵan. Ayazdıń kúshliligi sonshelli, hátte haywanlar menen quslar da háreketsiz qalǵan hám qızıp alıwdıń esabın tappay otır.

— «Uw-f-f!», — dedi suwıq janına tiygen Kókjal tońqıldawı menen. Onıń quyrıǵı, tap bir tayaqtan sileygen iyttiń quyrıǵı sıyaqlı erksiz tómen salbırap qalǵan. «Húkimet degen, qayaqqa qarap otır, ózi?».

— «Pıt», «pıt», «pıt» — shubar túsli Kendir Qus sayrawǵa qaradı. — Ana jer bolsa, dúnyadan ótti hám ol álleqashan aq kepinge oraldı».

«Jer toyǵa tayarlanıp atır hám óziniń toy lipasların boyına shenep kórmekte», — dep tırrıwlastı Kepterler. Olardıń qızǵılt reńdegi kishkene ayaqları suwıqtan kók-kóńbek boldı. Biraq, olar bul jerde qanday sır bar ekenligin jaqsı túsindi.

«Hesh gáp, — dep ırıldadı Kókjal, — men álleqashan aytqanman, kúnniń suwıqlıǵına Húkimet ayıplı dep. Eger kimde-kim, maǵan isenbeytuǵın bolsa, házirdiń ózinde

jep qoyaman». Kókjal bir sózli edi, aytqanında turadı da, sóz shaymalaw degendi bilmeydi.

«Maǵan deyin ne bolsa, boldı — dedi Toqıldawıq, al ol oyshıl edi, — endi túsindirip otırıwdıń qájeti de joq. Ómir degenniń ózi kórip gúwası bolǵanıńızday, usılay jaratılǵan. Házir bolsa, shıdap bolmas suwıq ekenligi de haq gáp!».

Shınında da, toǵaydaǵı kún-kóris hádden tıs suwısqan edi. Shırsha aǵashınıń geweginde jasawshı Tıyınnıń balaları tońlap qalmawları ushın bir-birlerine murın qaǵıstıradı. Al, qoyanlar bir top bolıp, inlerine jatıp alǵan, hátte sırtqa shıǵıwǵa da betlemeydi.

Tek ǵana Bayıwlılar más edi. Olardıń párlerin qıraw bastı hám tumlı-tusqa qaray jayıldı, biraq bayıwlılardıń parwayı pálek. Olardıń úlken sarı kózleri dóńgelenip ketti hám bir-birleri menen shawqımlasıp sóylespege qaradı. «He-e-ey! Ha-ha-ha! Qanday tańqalarlıq hawa rayı deseń-shi?».

Otınshılar ójetligine basıp, jolın dawam etti. Olar toqtap ta aldı, muzlap qalǵan barmaqların úplep jılıttı, ayaqların qızdırıp alıw ushın qatıp qalǵan muzǵalaqtıń ústinde tepsindi hám jáne alǵa qaray jıljıdı. Sol barısında olar bir tereń shuqırǵa qulap tústi. Olar shuqırdan, qarazshı sıyaqlı awzı baylanbaǵan, ishi un tolı bir aq qapshıqtı alıp shıqtı. Olar jáne birde tońlap qalǵan batpaqlıq ústinde tayǵanap ketti. Al, ol jerdegi shaqa-shıbıqlar tumlı-tusqa mayıstı. Olardı qayta jıynawǵa hám qoltıqqa qısqanday etip, qayta bawlawǵa tuwrı keldi. Keyin, jáne birde ózlerin joldan adasqanday sezdi hám qorıqqanınan denelerin muzday ter qapladı. Qoynına kirgenler menen qardıń jawız qatnasta bolatuǵının otınshılar jaqsı biliwshi edi. Biraq, olardıń jolawshılardı qollap-quwatlawshı pir Nikolay Chudotvorecke (xristianlardaǵı arxiepiskop) degen isenimi bekkem,

kelgen jolları menen izlerine qayttı, qalǵan jaǵında ayaqların abaylap bastı.

Eń sońında olar toǵaydan shıǵıp ta úlgerdi. Alıs-alıs tómenlerde, alapta, olar mákanlaǵan awıldıń sulderi kórindi. Otınshılardıń quwanıshlarında shek bolmadı. «Áne, biziń úy!» — dep qaytalastı olar, bir-biriniń iyinlerinen qaǵıp qoyıp.

Biraq, eslerine olardı úylerinde ne kútip turǵanı túskeninde, birden qapa bolısıp ketti. «Bul jerde quwanǵanday, hesh nárse de joq, — dedi olardan birewi, — Ómir degen bay, qurǵın adamlar jasaw ushın jaratılǵan, al bizdey ǵárip-qáser, qambaǵallar ushın emes. Onnansha toǵayda tońlap ólgenimiz, yamasa jabayı ańlarǵa jem bolǵanlarımız jaqsı edi».

«Durıs aytasań, — dedi ekinshisi, — birew bardamlı, birewde joqshılıq degendey. Turmıstıń bárin kótere ótirik jaylaǵan... Qayǵı-uwayımnan basqa bóliskendey nárseniń ózi qalmadı».

Olar usılayınsha tartısıp atırǵanda, qarańǵı aspan gúmbezi astında tańqalarlıq bir nárse júz berdi. Ózi sulıw hám jarıq bir Juldız jerge aǵıp tústi.

Otınshılardıń awızları ashılıp qaldı. Aǵıp túsken Juldızdıń, Aydıń basqa juldızlardıń janınan ótip, Jeti Qaraqshı juldızlar dúrkimi menen iyinles bolǵanınıń, sońınan jerge túskeniniń tikkeley gúwasına aylandı. Juldız jaqın jerge, anaw qartayǵan májnún tallardıń astına kelip túskendey tuyıldı.

«Áne, hasıllıq, judırıqtay-judırıqtay altın bolıwı da múmkin, — dep sheshti olar, — al, birinshi tapqanǵa sawǵa bergeyli!».

Otınshılar bar kúshi menen juldız aqqan jaqqa qaray juwırıp ketti. Azǵana bolsa da, altınnan bólisip alǵısı keldi.

Birinshi bolıp, juwırıp barǵanı ósimliklerdi jaypawı menen alańlıqqa shıqtı. «Qáne, qáne!».

Qarda, shınında da, bir nárse jıltırap kórindi. Otınshı alǵa qaray eki qádem attı hám iyilip, tómenge názer tasladı. Ol jerde bir neshe qat etip búklengen shekpen jatır edi. Ol altın sabaqtan tigilip, oǵan juldızlar qadalıptı.

«Taptım! Taptım!», — dep baqırdı ol joldasına. Ol da juwırıp keldi. Oramdı qollarına aldı hám bılay-bılay aylandırıp, kóre basladı. Óytkeni, onıń ishinde ekewi teńdey bólisiwi tiyis bolǵan altın bolıwı kerek. «Qa-ap!». Onıń ishinde altın da, gúmis te, qımbat bahalı tas ta joq bolıp shıqtı. Shekpenniń ishinde bir jas náreste arqayın uyqılap atır.

«Bizlerdiń oylarımız pútkilley basqa edi, — dedi birewi qamsıǵıp, — bul náresteden bizge ne payda? Kel, onı usı jerge taslap ketip, ózlerimiz zım-ǵayıp bolayıq! Kún-kórisimizdiń sıqılı mınaw! Ózlerimizdiń bala-shaǵalarımızǵa nan tawıp berip júrsek te bolar!».

«Yaq, — dedi ekinshisi, — bul jerge taslap ketsek, náreste suwıqta úsip, ólip qaladı. Men kámbaǵal bolsam da, qaynatıp atırǵan qazanım heshqashan hámmege jetpegen. Meyli, men onı ózim menen alıp ketemen hám onı hayalım ǵamxorlıqqa aladı».

Ol nárestenі abaylap ǵana qolına aldı hám ayawsız qaqaman onıń júregine demin salmastan burın, shekpenge orap aldı.

«Mine, saǵan tiri jan», — dep sógindi ekinshi otınshı, olar birge alapqa túskennen keyin. Awılǵa kire beriste ol joldasına bılay dep til qattı. «Berman qara, jora! Tapqan oljanı teńdey bólisiwimiz kerek. Eger sen nárestenі almaqshı bolsań, ala ǵoy. Biraq, shekpendi maǵan ber!».

«Yaq, — dedi oǵan ekinshi otınshı, — olay isley almayman. Shekpen saǵan da, maǵan da tiyisli emes. Nárestege ǵana tiyisli». Hám otınshı óziniń úyine qaray ketti.

«Keldiń be, shabazım?! — dedi quwanıshtan kókiregi qarıs ayırılǵan hayalı qushaǵın ashıp. — Men bolsam, sennen qattı qáweterlendim. Ne degen, ayaz!». Ol sol jerdiń ózinde qolınan bir buwat shattı alıp, kúyewiniń ayaǵındaǵı qardı súrtti.

Biraq, otınshı bosaǵadan ishke atlamadı. — «Men toǵaydan bir nárse tawıp aldım, — dedi hayalına áste ǵana, — sen oǵan ǵamxorlıq qılıwıń kerek!».

«Jaqsı bolıptı, — dep juwap berdi hayalı, — Olsız da úyde jeterlisinen jetpesiniń kóp!». Ol shekpendi jazdırıp, náresteni kórsetti.

«O toba! — shorshıp ketken hayalı qolınan túsirip aldı, — Saǵan ne, úydegi balalarıń jetpey atır ma? Bul taslandı balanı nege úyge alıp keleseń, ya? Oǵan kim qaraydı?». Hayalı oǵan gijinip qaradı.

«Bul, Juldız Bala», — dedi kúyewi hám oǵan balanı qalay tawıp alǵan tariyxın aytıp berdi. Hayalın ábden ashıw qıstı.

«Úydegi ózlerimizdiń balalarǵa nan tawıp bere almay atırǵanda, bul ne degen ózimshillik!».

Sen jáne birewdi ákelip, qazan ortaq etip atırsań! Kim oǵan azıq tawıp beredi ya, sen be?

«Kishkene quslarǵa azıq tawıp bergen, onı da bos qaldırmas!».

«Kishkene qus? Ol qanday qus? Ne demekshiseń, onıń menen? Sen ne toǵaylarda tońlap atırǵan ǵarǵalardı, es-tússiz qulap, qasqırlarǵa jemtikke aylanǵan qoyanlardı kórmey júrseń be, óziń?».

Kúyewi ún qatpadı, bosaǵada sárriyiwi menen tura berdi, ishke atlamadı... Usı waqta qıyalay ashıq turǵan esikten ishke suwıq hawa endi. Hayalı dirildep ketti. «Endi, ne usılayınsha úydi muz kesek etip tura bereseń be?».

«Júregiń muz jaylaǵan úyde heshqashan jıllılıq bolmaydı», — dedi ol. Hayalı únsiz qaldı, teris burılıp, pechke jaqınladı.

Ol kúyewine qayta kóz taslaǵanda, janarı jasqa tolıp ketken edi. Sonda ǵana barıp, ishke kirdi. Hayalı bolsa náresteni qolǵa aldı. «Sholp» etkizip, bir súyip te qoydı hám ulınıń janındaǵı kátke jatqardı. Otınshı azanda abaylap ǵana shekpendi taqtayladı hám úyindegi sandıqtıń tórine tasladı. Onı kórgen hayalı da, balanıń moynındaǵı hinji dizbe monshaqlardı birme-bir sheship alıp, sandıqqa saldı.

Solay etip, Juldız Bala otınshınıń úyinde jasap qaldı. Ol úydiń balaları menen birge oynap-ósti. Bir dasturqannan nár tattı. Kóshede birge oynadı.

Ol kúnnen-kúnge shıraylanǵan ústine shıraylana tústi. Qońsılar bolsa, ań-tań! Otınshınıń balaları qap-qara hám qara páreńnen kelgen? Al, mına bala pildiń súyeginen jaralǵan músindey bozarǵan hám sıpayı? Shashları da tómen qaray, jol-jol bolıp salbıraǵan. Erinleri de qızǵısh reńdegi roza gúllerdiń japıraqları sıyaqlı. Kózleri taza bulaqtıń boyında ósip turǵan binafsha gúllerin esletedi. Názik qolları bolsa, adam izi túspegen toǵayzar etegindegi nargiz gúlleriniń dál ózi.

Biraq, bul gózzallıqlardıń heshbiri oǵan miyirmanlıq sezimlerin inam ete almadı. Kerisinshe, náreste maqtanshaq hám jawız (haslında ekewi de bir túsinik) bolıp ósti. Ol awıldıń adamların, sonıń ishinde panalas aǵaları — otınshınıń balaların da mise tutpadı.

«Qoysa, onday qalaq, sıqılsızlardı, al men bolsam, sulıwman» — dep sóylegendi jaqsı kórdi.

Balalar toplanısıp, oyın oynaǵanda Juldız Bala korol, qalǵanları onıń xızmetkerleri boldı. Onda kámbaǵallarǵa hám nárenjanlarǵa degen ayaw sezimi bolmadı. Ol onday adamlarǵa tas ılaqtırıp quwǵandı, kemsitkendi, qorlaǵandı jaqsı kórdi hám kelgen jolları menen izlerine qaytardı.

Solay etip, qayır-sadaqa sorawshılardıń birde-birewi ekinshi márte bul awılǵa kele almadı. Bala gózzallıqtı

qanday jaqsı kórse, aqsaq hám mayıplardı sonshelli jek kórdi. Olar kóshege shıqsa boldı, jinlerine tiydi hám mazaqlaw menen bánt boldı.

«Qalay-qalay, mırjıq adamlar ózi! Bunday da adamlar boladı eken-aw, — dedi ol, — al men bolsam, teńi-tayı joq, sulıwman!».

Ol jazdıń samalı tımıq bolǵan gezde shirkew janındaǵı háwizdiń boyına barıp jatqandı hám suwdaǵı óziniń sulıw kelbetine saatlap qarap otırǵandı jaqsı kórdi. Bul ermektiń Juldız Balaǵa unap qalǵanı sonshelli, ózli-ózinen lázzet alatuǵın edi.

Otınshı menen hayalı oǵan bir neshe márte támbi berdi. «Bizler seni, ákelip baqqanda, usınday bala bolsın, dep pe edik, júwernemek? Sen nege jalǵızsırap qalǵan músapirlerdiń zeyinlerine tiye bereseń? Nege birewge járdem qolıńdı sozbaysań? Nege sen azaplanıp júrgen adamlardı jáne azaplaysań?

Awıldaǵı ruwxanıy ǵarrı da jiyi-jiyi kelip, Juldız Balaǵa diniy ádepten sabaq, tárbiya beriwge umtıldı. «Qaraǵım, eń mayda jánliklerdi de, seni de, hátte barlıq haywanlar menen maysazarlıqtaǵı shıbın-shirkeylerdi de Ol jarattı. Janlı maqluqatlarǵa azar bermew kerek! Toǵaylardaǵı quslar da erkin jaratılǵan. Olardıń jolına ermek ushın duzaq qura berme! Gúna boladı. Gór tıshqan da, sur tıshqan da Qudaydıń jaratqanları, jer betinde bergen ırısqı-nesiybelerin biz benen birge shóplep júr. Toǵay da, Aspan da, Suw da — Jaratqannan ırza, shúkirlik qıladı, al sen bolsań, Onı oyınshıq kórip, ǵázebine tiyip júrseń!».

Juldız Bala aytılǵanlardı únsiz tıńlap turdı hám qayta kóshege atıldı. Qatarları onıń degeninen shıǵa almaydı. Shıǵıwǵa dáti de shıdamaydı. Óytkeni, ol ishindegi eń sulıwı hám aqıllısı. Onıń ayaq oyınǵa túskenin yamasa fleytada (saz ásbabı) saz shertkenin kórgensiz be? Ájayıp! Ol qayaqqa barsa, awıldıń balaları da izinen eredi, ne

islese, olar da qaytalaydı. Ol ótkir qamıstıń paqalı menen biyhal jatırǵan gór tıshqannıń kóziń shuqıp, soqır qılǵanda bári mas bolıp kúlisken. Juldız Bala awılǵa kele ketken maqaw kesel adamdı tas-boranǵa tutqanda bári quwanısqan. Onıń islep atırǵanınıń barlıǵı durıstay, solay bolıwı kerektey túyiledi hám sol sebepli awıl balaları shetinen tasbawır bolıp ósiwge qaradı.

Kúnlerdiń kúninde olardıń awılına shetten bir qayırshı kempir kele ketti. Ústinde gónetoz jamaw-jamaw kiyimler, ayaqları jol boyındaǵı taslardan ǵajalıp, qan sızatlanıp tur. Sharshaǵan bolıwı kerek, qartayǵan kashtan aǵashınıń sayasına kelip otırdı.

Onı usı jerde Juldız Bala kórip qaldı. «Beri kelińler! — dedi ol joldaslarına, — Mına kiyeli kashtan astında jaman-jáwtik bir kempir otır. Keliń, quwıp salayıq. Ol kashtannıń sánin qashırıp tur». Ol kempirge qaray ústi-ústine tas ılaqtırıp qalǵanına masayradı. Biraq, oǵan qayırshı hayal bir názer tasladı da, lal bolıp qaldı, onnan kóziń úzbedi. Júzin qorqınısh biyledi.

Bul waqta qayırqom Otınshı úyiniń aldında úlken baltası menen otın ayırıp atır edi. Juldız Balanıń ne islep atırǵanın kórdi de, juwırıp keldi, onıń betine bir shappat berdi. «Sende miyrim-shápáát degen nárse bar ma ózi, insapsız? Bul ǵárip kempirdiń saǵan ne zıyanı tiydi?» dewi menen.

Ashıwǵa mingen Juldız Bala bozarıp ketti hám ayaǵın tapıldatıp, baqırdı. «Sen kimseń ózi, maǵan shappat urǵanday? Men seniń balań emespen, túsindiń be? Balań emespen. Tıńlap ta otırǵım kelmeydi, seni!».

«Gápiń durıs, bel balam emesseń, — dedi Otınshı, — biraq toǵayda óleyin dep atırǵan jerińnen seni úyge alıp kelip, kele qılǵan men bolaman!».

Bul sózlerdi esitken qayırshı hayal qorqıp ketti hám ornına es-tússiz quladı. Otınshı onı kóterip úyine alıp

keldi. Hayalı bolsa, ne bolǵanın aytpay-aq túsindi. Ol qayırshı hayaldıń júzine ıǵal súlgi tarttı. Ózine kelgennen keyin, úyinde barınan, shaması kelgenshe aldına as qoydı. Biraq, qayırshı hayal oǵan qol da tiygizbedi.

«Jańa siz, jańa... — dep soradı ol, — balanı toǵaydan tawıp aldım dedińiz be? Bunnan sarras on jıl burın emes pe?».

«Awa, on jılday bolıp qaldı, tawıp alǵanıma hám úyimde saqlaǵanıma!».

«Eslep kórshi, onıń janında hesh nárse joq pa edi? Moynında hinji dizbe monshaqlar! Bálki, ol tilla sabaqlardan tigilip, juldız taǵılǵan shekpenge oralǵan bolar?».

«Durıs, bári solay!»... Qayırqom Otınshı sandıqtı ashıp, ishinen shekpendi hám monshaqlardı shıǵardı. Onı kórgen qayırshı hayal jáne ózin joytıp aldı.

«Bul toǵayda joytıp alǵan, meniń balam! Ótinish balamdı aldıma qayta shaqırıp berseńiz? Men onı on jıldan berli izlep, dúnya gezip júrmen!».

Quwanısıp qalǵan qayırqom Otınshı menen hayalı úyden juwırıp shıqtı hám Juldız Balanı shaqırdı. «Tez, tez jet, berman. Bizler seniń anańdı taptıq! Ol seni úyde kútip otır!». Quwanıshın ishine jutqan Juldız Bala úyge jetip keldi.

«Qáne, meniń anam! — dedi ol, — men mına bir qayırshı kempirden basqa heshkimdi kórmey atırman!».

«Men seniń anańman!» — dedi qayırshı hayal.

«Sen ne aljıǵansań ba? — dedi ashıwı kelgen Juldız Bala, — heshqanday da seniń balań emespen...

Sen bir júrgen qayırshısań, mázi tiri jansań, qanday da bir láttelerge oralıp alıp. Bul jerden kózińdi joǵalt, tez! Maǵan seniń menen sóylespek túwe, bet-álpetińe qarap turıwdıń ózi jerkenishli!».

«Báribir sen meniń qarnımnan jarıp shıqqan balamsań! Toǵaydı aralap júrgen gezimde maǵan qaraqshılar topılıp,

seni mennen urlap ketken. Keyin, ólimshi etip, toǵayǵa taslaǵan. Men seni bir kórgennen-aq tanıdım. Seniń menen birge ketken nárselerim, mine! Kel, bir qushaqlap, mawqımdı basayın!».

Biraq, Juldız Bala turǵan ornınan bir qádem de alǵa jıljımadı. Ol anasına degen júrek sandıǵınıń esigin de jawıp tasladı hám lám-mim demedi. Úyde tek ǵana baxıtsız hayaldıń sıńsıp jılaǵanı esitildi.

Sońınan ǵana barıp tilge endi hám onda da, Juldız Balamıń turpayı sózleri ananıń jeti júyresinen ótip ketti. «Eger bul turmısta bolǵan bolsa da, báribir, seniń bul jerge kelmegeniń jaqsı edi. Men bir Juldız Balaman. Al, sen bolsań, júrgen qayaqtaǵı bir qayırshı kempirseń! Ózińe bir qarap kór! Men saǵan aytaman, joq bol, bul jerden! Basqa saǵan názerim túspesin!».

«Dártime dárt qosıldı, — dedi háyal, — Hesh bolmasa xoshlasarında anańdı bir shorpıldatıp súyip qoy, balam! Men seni tabaman dep, barmaǵan jerim, baspaǵan tawım qalmadı!». «Yaq, — dedi Juldız Bala, — súymek túwe, ayttım-ǵo, maǵan seniń bet-álpetińe qarawdıń ózi jerkenishli! Sendey júzi qaranı súygennen záhárli qara jılandı yamasa qurbaqanı súygenim, abzal!».

Qayırshı hayal ornınan turdı, jolǵa tústi, jol toǵayǵa qaray tartılǵan edi. Juldız Bala izinen uzaq qarap turdı. Anıq kózden ǵayıp bolǵannan keyin, juwırıwı menen birge oynap júrgen balalar tárepke ketti. Onı kórgen balalar sıqılsızlıǵın betine basıp, barmaqların shoshayttı, mazaqlap ketti. «Qarańlar, qarańlar! — dedi keshegi birge oynap júrgen joraları, — túri qurbaqaday ájeptáwir, ózi de záhárli qara jılanday sup-sur. Jaqsı sóz benen aramızdan ket, seniń menen oynamaymız»... Balalar onı baǵdan quwıp shıqtı.

«Náp-bále, bárin jin urayın degen be? — dedi Juldız Bala mısqıllı kúlkige salıp, — Jaqsısı barıp, kóleńkemdi

bir kóreyin». Ol endi háwizge keldi, aydınnan ózine názer saldı hám shorshıp ketti.

«Way-way-y!». Júzine qarap bolmaydı. Burınǵı sulıwlıqtan nıshan da joq! Qurbaqa-bet, denesi záhárli qara jılannıń qabırshaqlarınday qat-qat bolıp ketken. Juldız Bala zar jılawı menen shóptiń ústine qulap tústi, shashların juldı, júzin topıraqqa basıp, eńirep jiberdi. «Bári ózimnen, ózim ayıplı, — dep oyladı ol. — Men anamnan ǵarǵıs aldım, onı úyden quwıp shıqtım. Qanday tasbawırlıq ettim. Endi, ol meni emes, al dúnya júzi boylap, men onı izlep ketemen. Maǵan anamdı izlep tappaǵansha, onnan keshirim almaǵansha, tınım bolmaydı».

Art jaǵınan áste-aqırın Otınshınıń kishkene qızı keldi hám qolın onıń iynine qoydı. «Óksinbe, — dedi ol, — sen bizler menen úyde jasap qala ber! Basqalar ne dese dey bersin, men seniń kewlińe hárgiz tiymeymen».

«Yaq, — dedi Juldız Bala, — men anamdı qattı renjitip aldım. Endi jazasın tartpaqtaman. El gezemen, onı izleymen. Meni tek ǵana ol keshire aladı».

Ol anasın joqlawı hám izge qayt dep zarlanıwı menen jolda toǵayǵa qaray juwırdı. Biraq, dawısı ásirlerdiń júzin kórgen terekler astında semip qaldı, oǵan heshkim juwap ta bermedi. Bala kún boyı anasın shaqırdı, qas qarayǵanda barıp, solǵın tartqan japıraqlardı tósek etip, uyqıǵa ketti... Haywanlar hám quslar onnan basın alıp qashtı, olarǵa Juldız Balanıń kim ekenligi ayan edi. Ishlerinde bir ǵana jasıl reńdegi úlken bir qurbaqa onnan názerin úzbedi hám uwlı jılan onıń jamna qaray jılısladı.

Ol erte turdı. Janındaǵı putalarǵa pitken ashshı jemislerden tatıp kórdi. «Sen meniń anamdı kórmediń be?» — dep soradı ol dus kelgen adamnan. Biraq, hár soraǵan sayın júregi ábden ezile berdi...

«Berman qara, gór tıshqan, — dedi ol, — sen jerdiń astında jasaysań... Meniń anamdı kórmediń be?».

«Sen meniń kózimdi shuqlap, soqır qılǵansań, — dep juwap berdi ol, — men, soqır kóz benen onı qalay kóriwim múmkiń!».

«Bálki, sen-Kendir qus, kórgen shıǵarsań? Qáytkende de toǵaydıń ústinde pal-pállep ushıp júrseń. Barlıq kórinis kóz aldıńda?».

«Sen meniń qanatlarımdı qırqıp taslaǵansań. Qanatsız qayaqta pal-pálleymen!».

Bala qayıńnıń shaqasına uya salǵan Tıyınnıń aldına keldi. — «Sen bilmeyseń be? Meniń anamnıń qayaqta ekenin?». Tıyın eńirep qoya berdi. — «Sen meniń balalarımnıń bárin qırıp taslaǵansań. Endi sen, onı da tawıp alıp, óltirmekshimiseń?».

«Jaratqan-ay, mendey náletiyińdi keshire gór! — dep qaytaladı bala hám alǵa qaray ketti. Úshinshi kún degende barıp, toǵaydan shıqtı hám alańǵa tústi.

Ol awıl arasınan ótkende oyın balaları onıń ashıwına tiydi hám oǵan tas ılaqtırıp basladı. Diyqanlar bolsa, onı úylerine «qudayı qonaq» etip alıwdan bas tarttı, mallarına hám gúdilerine kóz tiyedi dep qorıqtı, sebebi onıń sıqılı soǵan ılayıq edi. Onı ayaǵanday bende bolmadı, qayırshı hayaldı kórgen adam da dus kele qoymadı. Jer betin úsh jılday araladı hám hesh jerden anasınıń deregi shıqpadı. Ol bar kúshin jıynap, alǵa qaray juwırdı, ayaqların joldıń tası ǵayzap, onnan qan sorǵaladı. Biraq, sonda da anasınıń deregi shıqpadı, bárhama dárbentte otıratuǵınlarda qayırshı hayal kórmedik desti. Birde-birewi Juldız Balaǵa ǵamxorlıq qılmadı.

Ol úsh jıldan berli el gezse de súyispenshilik, qayırqomlıq, dım bolmaǵanda dıqqat-itibar degen nársege dus kelmedi. Óytkeni, onıń dúnyaǵa degen kózqarası Otınshınıń úyinde kórgen kórinisler menen sheklenip qalǵan edi.

Juldız Balanıń názeri birden qanday da bir qalanıń qorǵan diywalına túskende yarım aqsham waqıt edi.

Haldan tayǵan hám jalańayaq túrde ol qalanıń dárwazasına jaqınladı, biraq saqshılar onıń aldın tostı.

—«Kimseń sen, ózi? Biziń qalada saǵan ne bar?» — turpayı kútip aldı onı.

— «Men anamdı izlep júrmen. Ótinish, arı qaray ótip keteyin. Bálki, ol usı qalada shıǵar?». Juldız Bala ótinish qıldı.

«Wa-ha-ha!» — kúlisti olar. Ekinshi birewi bolsa, kúlkiden qara saqalı selkildep, ózin qalqanǵa súyep qaldı hám zordan degende tilge keldi. «Sorama! Tabılǵanda da, seniń mına sıqılıńdı kórip, quwanıp qaladı dep oylaysań ba? Sen — sulıwlardıń batpaqlıqtaǵı qurbaqa yamasa uwlı qara jılan túrinenseń! Ket bul jerden, tuqımıń jayılmasın, tur joǵal!». Sarı jalaw uslap turǵan saqshı baladan sorap qaldı. «Kim ol, seniń anań? Nege birge emessiz? Nege sen onı izlep júrseń?». Bala juwap berdi.

— «Ol da mendey ǵárip-qáser. Biraq, men onıń zeynine tiyip aldım. Men oǵan tákábbirlik hám jawızlıq ettim. Ótinish qılaman, meni ótkerip jiberiń. Bálki ol, usı qalada shıǵar?».

«Yaq, biziń qalada onday adam joq. Tur joǵal, bul jerden!». Olar endi ótkir ushlı nayzaları menen Balanı túrtpege qaradı.

Juldız Bala jılawı menen qala dárwazasınan arman qaray ketkende saqshılardıń aldına tilla jalatılǵan sawıt hám basına qanatlı jolbarıstıń súwreti basılǵan temir qalpaq kiygen bir adam keldi. «Ishke kirmekshi bolǵan kim, ózi? — dedi ol. «Ay, mázi birew — desti saqshılar, — Bir sorlı hayaldıń sorlı balası eken».

Bizler onı quwıp saldıq. «Qáne, qaytadan berman shaqırshı! Jamanlıǵı birewge satıp jiberermiz. Bul maqluqtıń bazar bahası-bir shiyshe vino!».

Sol waqta qayaqtan tap bolǵanı belgisiz, túri albaslıǵa keyip bergen bir ǵarrı payda boldı. «Bahası sol bolsa,

men satıp alaman, onı» — dep gápke aralastı. Aqshasın tólep, balanıń qolına tarsa jarmastı.

«Izimnen er!» — dedi ǵarrı hám balanı qalaǵa alıp kirdi. Olar jayma dúkanlardıń janı, saraydıń janı, shirkewdiń janınan jeldey esip ótip, eki adam zorǵa ǵana sıyatuǵın bir tar kóshege kirip, páskeltek boylı bir terekke jetemen degenshe kóp qańǵıp júrdi. Esik diywalǵa et ene qurılǵan eken, onı kóshe tárepten bir túp anar aǵashı jawıp tur. Ǵarrı yashmadan jasalǵan shıńǵanı tıǵıp edi, esik birden ashılıp ketti. Baǵqa jetemen degenshe qoladan jasalǵan bes basqıshtan ótti. Ol jerde gúller egilgen hám bir neshe gónergen gúzeler tur. Ǵarrı óziniń qıtayı jipekten toqılǵan sállesin jazdırdı da, balanıń kózin tańdı. Endi ol balanıń artqı tárepine ótip, oǵan joldı arqasınan túrtiw jolı menen kórsetip keldi. Juldız Balanıń kózi ashılǵanda olar bir jer tólede edi. Diywaldaǵı nursız shıraq eplep jarıq taratıp tur.

Ǵarrı balanıń aldındaǵı taxtaydıń ústine kógerip ketken nannıń usaǵın atıp urdı. «Je!» — dedi ol. «Ish!» — dedi jáne porsıp ketken suw tolı sarqumdı aldına qoyıp. Juldız-Bala nandı ǵayzap hám suwdı iship bolǵannan keyin ǵarrı esiktiń sırtınan temir qulıp urıp, ketip qaldı...

Ǵarrı mısırlı eń sońǵı sıyqırshılardıń biri edi, ol bul kásipti Nil dáryası boyındaǵı ıǵal láhátlerde jasap ótken basqa bir duwaxannan úyrengen. Kóp uzamay óz ustazınan da alıq shıqtı hám jer betinde bul ǵarrıdan ótkendey basqa «qara kitap iyesi» (chernoknijnik, yaǵnıy qara kitap penen duwalawshı) bolmadı.

Tań atıwdan ǵarrı Juldız Bala jatqan tólege keldi.

— Hey, sen — dep gúńkildedi ol tislenip sóylep, — jata bergendi qoy, endi jumıs isleyseń. Qalanıń batıs dárwazasınan shıǵa beristegi toǵayǵa barıp keleseń! Ol jerde qımbat bahalı úsh reńdegi quyma aq, sarı hám qızıl altın jasırıp qoyılǵan. Sen maǵan búgin aq reńdegisin

ákelip beresen. Itibarlı bol, reńin adastırıp alıwshı bolma! Eger men aytqanday etip islemeseń, men seniń arqańa júz shıbıq uraman. Yadıńda bolsın, sen meniń qulımsań, sen qansha turatuǵın bolsań, men onnan biraz kóp aqsha shıǵarıp, satıp alǵanman.

Ǵarrı Balanıń kózin qayta bayladı hám onı úyden alıp shıqtı. Olar ájayıp gúller ósip turǵan baǵ arasınan ótti. Qoladan jasalǵan bes basqıshtan kóterildi hám ǵarrı yashmadan jasalǵan shıńǵa menen esikti ashtı. «Tez qayt» dep tártipke shaqırdı hám onı úyden shıǵarıp jiberdi.

Juldız Bala batıs dárwazadan shıqtı hám ǵarrı aytqan toǵayǵa qaray ketti. Toǵay sırtqı kózqarastan sulıwday, sánli qayıńlar, quslardıń sayrawları hám ráńbáráń gúllerden ibarattay túyiliwshi edi. Biraq, Bala toǵayǵa kirgende bul gózzal sezimlerden túkte qalmadı. Shipovnik hám boyarishniktiń (ırǵıshtek, dolana) tikenli putalıqların jarıp ótiw qıyın boldı. Krapiva Balanıń jalań putların tırnadı. Al, tikenlerdiń temir iyneleri júdegen denesine oqtay shanshıldı. Ǵarrınıń aytqan quymaları qayaqta eken? Bala onı izlep baslaǵanda tań endi atıp kiyatır edi. Endi bolsa, gewgim túspekte. Izge qaytıwı bar ele. Juldız Bala emeski óksiwi menen izge qayttı hám bos barsa ǵarrıdan ne kóretuǵının eske aldı. Biraq, toǵaydan shıǵa beriste putalar arasınan qanday da bir shúykildi esitildi. Ol óziniń qayǵı-uwayımın umıtıp, sol jaqqa umtıldı. Bala ol jerde ańshı qurǵan qaqpanǵa túsip qalǵan qoyannıń gójegine dus keldi.

«Sorlı-ay, — dedi Juldız Bala gójekti bosatıp atırıp, — men ózim qul bolsam da, saǵan járdem etiwge shamam keledi».

«Sen meni azat ettiń, — dedi Qoyan, — Saǵan minnetdarshılıǵımdı qalay bildirsem eken?».



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'

Juldız Bala tańlanıp ta otırmadı. «Men kún boyı quyma altındı izlep júrmen. Biraq, taba almadım. Eger bos barsam, xojeyinim arqamnan júz shıbıq uratuǵını anıq».

«Kettik, birge, — dep quwanıp ketti Qoyan, — ol qay jerde jasırıp qoyılǵanın men jaqsı bilemen. Endi ne ushın ol jerge jasırılǵanında túsindim».

Bala Qoyannıń izine erdi hám hayran qaldı! Aspannan jasın túsip, bir emendi qaq ortadan eki bólip taslaptı. Sonıń qarańǵı bir geweginde aq reńdegi quyma altın jatır!

«Raxmet saǵan, Qoyan bawırım! Sen meniń qılǵan jaqsılıǵımdı tolıq óttediń hám meniń miyrimime jeti ese zıyat miyrim menen juwap berdiń!».

«Áne saǵan, sadalıq, — dedi Qoyan, — Seniń ornıńda men bolǵanımda da solay islegen bolar edim». Ol toǵayǵa kirip ketti.

Kewli jay tapqan bala aq quyma altındı alıp, qalaǵa jaqınlasqanda, dárwaza aldında otırǵan bir maqaw kesel adamdı kórdi. Súr kapyushonǵa (bas kiyimge) oranıp alǵan, júzi kórinbeydi, tek ǵana bir sızıq arasınan qızǵısh reńdegi kózleri kórinedi.

Juldız Bala maqaw keselge jaqınlasqanda, ol sadaqa sorap, bos sarqumdı alǵa sozdı. «Qayır et, — dep elendi ol, — men ashtan óleyin dep atırman. Maǵan bul qalada ǵamxorlıq qılǵanday bende joq. Dárwazadan da sırtqa shıǵarıp tasladı».

«Yaq, men bere almayman, — Bala jılap jiberdi, — Mende barı-joǵı bir quyma. Onı da xojeyinge aparıp beriwim kerek. Men onıń qulıman. Eger aparıp bermesem, meni ólimshi etip sabaydı».

«Men ashtan ólip baratırman», — ólpeń dawıs penen jáne qaytaladı maqaw kesel adam.

Juldız Bala oǵan aq quymanı uslattı hám kózin jumıp, juwırıwı menen qala dárwazasınan ishke kirdi.

Sıyqırshı bolsa onı kishi esiktiń aldında kútip aldı. Onı baǵqa kirgizip, sorawǵa tuttı. «Qáne, qáne meniń altınım?».

«Mende hesh nárse joq» — dep juwap berdi Juldız Bala.

Ashıwı kelgen sıyqırshı ǵarrı mushın túyip, oǵan alıp-topıldı. Balanı tayaqtan sileytip, aldına bos tabaqtı ılaqtırıp: «Je!» — dedi. Sońınan bos sarqumdı qoydı. «Ish!» — dep. Keyin sıyqırshı onı qádimgi jer tólege aparıp, qamap tasladı.

Tań sáhárde sıyqırshı ǵarrı Juldız Balanıń izinen jáne keldi. «Eger sen maǵan búgin sarı quyma altındı ákelip bermeseń, sen meniń máńgilik qulım bolıp qalasań hám men seni úsh júz shıbıq penen jazalayman. Túsindiń be? Qáne, jolǵa tús!».

Juldız Bala jáne toǵay gezip kóp júrdi. Sarı quyma altındı kún boyı izledi, biraq taba almay-aq qoydı. Quyash óz uyasına barıp batqanda haldan tayıp, bir shirik túbirshiktiń ústine kelip otırdı hám eńirep jiberdi. Ol qayǵı-uwayımnıń batpaǵına batqanda keshe ǵana ózi qaqpannan azat etken Qoyan qayaqtandur jetip keldi.

«Sen, nege jılap otırsań? Toǵaydan ne izlep júrseń?».

«Men sarı altınnıń quymasın izlep keldim. Eger onı tawıp alıp barmasam, bir ómir qul bolıp qalaman».

«Kettik», — dedi Qoyan hám toǵaydıń ishinen juwırıwı menen bir kishkene háwizdiń boyına keldi. Háwizdiń ultanında, shınında da, sarı altınnıń quyması jatır edi.

«Men saǵan minnetdarshılıǵımdı qalay bildiremen, — dedi Juldız Bala, — sen maǵan ekinshi márte jaqsılıq etip atırsań?».

«Taǵı bayaǵı gáp pe? — dep juwap berdi Qoyan, — sen meni qaqpannan qutqarǵansań. Sonıń ózi jetip atır». Ol sekiriwi menen toǵayǵa kirip ketti.

Juldız Bala háwizden sarı quymanı aldı, iyin qaltashasına saldı hám qalaǵa asıqtı. Maqaw kesel adam

onı uzaqtan tanıp, jolın tostı, aqsańlawı menen qarsı qaray júrdi hám biyqolay sawsaqların alǵa qaray sozdı. «Altın, altın, — dedi qolları dirildep, — maǵan bir neshe tıyınlıq ber. Bolmasa ashtan ólip qalaman».

«Berer edim. Biraq, mende bir quyma ǵana altın, — dedi bala, — men onı alıp barmasam, heshqashan azatlıqqa shıǵa almayman».

«Saǵan azatlıq kerek! Al men bolsam, ashtan ólip baratırman», — dedi maqaw kesel adam. Juldız Bala oǵan ilajsız iyin qaltashasın uslattı.

Ol úyge jetip kelgende, sıyqırshı onı esikten iyterip kirgizgendey qıldı. «Qáne, qáne, men aytqan, sarı quyma altın?», — dep baqırdı.

«Mende ol joq!», — dep juwap berdi bala.

«He-e! Solay ma ele-e!». Sıyqırshı qolına tayaq alıp, Balanı ólimshi etip sabap tasladı. Sońınan onıń ayaq-qolların kisenlep, jer tólesine atıp urdı.

Ǵarrı azanda kelip, temir kisenlerdiń tawın jazdırdı hám Balaǵa bılay dedi: «Eger sen maǵan búgin qızıl quyma altındı ákelseń, men seni jiberemen. Eger keshte altındı ákelmeytuǵın bolsań, erteńgi tańdı qarsı alıwdan gúderińdi úze ber!».

Juldız Bala toǵay aralap, jáne kún uzaq qızıl quyma altındı izlew menen áwere boldı. Báribir taba almay-aq qoydı. Eń sońında dimarı qurıp, bayaǵı túbirshikke keldi, solıǵın basıp otırdı, arı kelip, kózlerinen jas sorǵaladı. Hátte, endi jetip kelgen Qoyanǵa da itibar bergendi qoydı.

«Sadaǵenem-áy, — dedi Qoyan, — qızıl quyma altın degenin artında, qándektiń ishinde jatırǵan nárse emes pe?». Bala qándekke sekirip tústi. Shınında da, qándektiń bir mushınan qızıl reńdegi quyma altın taptı.

«Xızmetińdi qalay óteymen?», — dep soradı ol Qoyannan.

«Bayağı, jigirma bes, — dep ashıwlandı Qoyan, — Meni qaqpannan qutqarğanıńnıń ózi jetip atır». Ol bir sekirip toğayğa kirdi hám kózden ğayıp boldı. Juldız Bala bolsa, shaması jetkeninshe asığıp-úsigiwi menen qalağa ketti.

Maqaw kesel adam onıń jolın tosıp tur edi. Balanı kóriwden qırq jamaw kiyimlerin jayıp, aldınan shıqtı, biyqolay qolların alğa sozdı. «Qızıl altındı mağan ber! Bolmasa, ashtan ólip qalaman!».

«Ilaj qansha? Alsań, al — dep ayap ketti Juldız Bala, — sağan kóbirek kerek bul!». Hám awır bir gúrsinip aldı da, qalanıń dárwazasınan ishke kirdi.

«Mas-sa-ğan!». Saqshılar Juldız Balanı dárwazadan sap tartıp kútip aldı hám qolların shekesine qoyıp, húrmet kórsetti. Jolawshılar balağa qarap, barlıq táshwishlerin umıtıp ketti, sawdagerler barlıq múlklerin taslap, balanı kórip qalıwğa asıqtı. «Biziń jas Shahzada qanday sulıw desesh!» — dep jabırlastı xalıq.

«Bileme-en, olar meni mazaqlap atır, — dep oyladı Juldız Bala júzin kózleriniń jası juwıp, — meniń baxıtsızlığım olarğa quwanıshqa aylanğan».

Balanıń átirapına alaman toplanısıp qaldı. Oğan diywaldan shığıp turğan esikke burılıwğa da pursat bermedi. Ol adamlardan jasalğan tar dálizdiń ortası menen kele berdi. Solay etip, ol Saray maydanına kelip jetti. Saraydıń esikleri keńnen ashıldı. Episkop (xristianlardağı bas ruwxanıy) qalalı Eparx (shirkew «hákim»i) penen birge qalanıń kátqudaların izine ertip, aldınan shıqtı. «Sen biziń —Húkimdarımızsań, — dedi Episkop, xalıq oğan diz búkti, — Sen biziń Koroldiń ulısań, biz seni kútkenimizge kóp jıllar boldı».

«Men Koroldiń emes, al bir qayırshı kempirdiń ulıman. Sizler nege meni sonshelli sulıwsań dep ullılap atırsız. Men kemis bolıp tuwılğanımdı jaqsı bilemen».

Sonda altın reńli sawıtı bar hám basına qanatlı jolbarıstıń súwreti qıstırılǵan temir qalpaq kiygen jasawıl óziniń jarqıraǵan qalqanın kóterip, Balanıń aldına keldi hám bılay dedi:

«Qáne, qara, biziń Shahzada sulıw emes pe eken?».

Bala aynaday bolǵan usı qalqannan óziniń jas gezinde umıt qalǵan sın-sımbatın kórdi. Ásirese, óziniń jasawraǵan kózlerin kórip, ózine-ózi isenbey qaldı.

Sonda Eparx aldında diz búkti hám Episkop sóz sóyledi. «Áyyemgi Payǵambarlar aytıp ketken eken. Tap usı kúni xızmetińizge jaraǵanday Húkimdarıńız keledi, — dep. Sen mennen taj hám hasanı qabıllap al! Elge Korol, xalıqqa hadal hám ádil patsha bol!».

«Biraq, men oǵan ılayıq emespen, — dedi jas shahzada, — men anamnan ǵarǵıs alǵanman. Men onı tappaǵansha, keshirim almaǵansha kewlim kenshimeydi. Tajı, hasa da meni bul jerde irkip qala almaydı. Men ketiwim kerek!».

Juldız Bala qalanıń dárwazasına bet burdı hám saqshılar tárepinen tártipke salınǵan alaman ishinen tanıs bir adamǵa názeri tústi. Ol... bayaǵı qayırshı kempir edi.

«Apa-a!», — shahzada birden baqırıp jiberdi hám oǵan qushaǵın ashıp umıtıldı. Ol hayaldıń ayaǵına jıǵıldı hám onı súydi. Ol hayaldıń jaraların kóz jasları menen suwladı hám júzin tómen alıp, bılay dedi: «Keshir meni, anajan! Men baxıtlı gezde seni satıp ketkenmen. Basıma is túskende qollay gór! Maǵan mehirińdi ber! Men sennen ǵarǵıs aldım. Ǵarǵısıńdı qaytıp al, anajan! Balańa jaqsılıq tile!».

Qayırshı hayal úndemesten tura berdi.

Sonda Juldız Bala oǵan qolın sozdı hám janında turǵan maqaw kesel adamǵa jalındı. «Men saǵan, qıyın gezde

úsh márte jaqsılıq islep edim. Endi, sen de meni aya! Anamnan keshirim alıwǵa járdem ber! Meni qollap-quwatlay gór!».

Biraq, maqaw kesel adam da únsiz tura berdi.

Baxıtsız Juldız Bala óksip jıladı. «Anajanım, endi basqa kótere almayman. Keshir meni! Men qaytadan toǵayǵa ketpekshimen!».

«Tur, ornıńnan!», — dedi qayırshı hayal qolın onıń basına qoyıp. «Tur, ornıńnan!», — dedi maqaw kesel adam da qolın aspanǵa shoshaytıp.

Juldız Bala ornınan turdı hám qarsı aldında turǵan Korol menen Korolevanı kórdi.

«Sen járdem bergen maqaw kesel adam — ákeń edi», — dedi Koroleva.

«Sen ayaǵına jıǵılıp, keshirim soraǵan qayırshı hayal — anań edi», — dedi Korol.

Ekewi de onı qushaqlap aldı hám súydi, sarayǵa alıp kirdi. Basına taj kiygizip, qolına hasa uslattı.

Juldız Bala keń peyil hám ádil Korol boldı.

Biraq, onnan keyin ornına basqa birewi keldi.

## ANDERSEN XANS KRISTIAN
(1805—1875)

### KOROLDIŃ JAŃA LIPASÍ

Bunnan bir neshe jıllar burın jaqtı dúnyada bir Korol jasap ótti. Onıń sánli kiyiniwge óshligi sonshelli tapqan-tutqanınıń barlıǵın taza kiyim-kenshekler alıwǵa sarplaǵan. Hár saparı áskerleriniń aldına shıqqanda, teatrǵa baratuǵın bolsa da yamasa mázi qıdırıwǵa shıqsa da jańa kiyim-kenshekte barıwdı úrdis qılǵan. Kiyim-

kensheklerin derlik saat sayın ózgertip turǵan. Sonlıqtan, jurtshılıq basqa korollerdi «oylasıqtıń koroli» dep atası, onı «zıyapattıń koroli» dep ataydı eken.

Solay bolsa da, usı korolliktiń xalqı shadı-qorramlıqta jasaptı. Kún ara emes, qalaǵa hár kúni shet elli qonaqlar kelip turǵan. Solardıń qatarında eki ótirikshi — jádigóy de kelipti. Olar ózlerin basqalar islemek túwe, qıyallarına da kelmeytuǵın gezleme toqıw múmkinshiligine iye toqımashılarmız dep tanıstırıptı. Olardıń aytıwınsha, kózge kórinbeytuǵın bul gezlemeniń súwretleri de, reńleri de, basqalardan ózgeshe, onıń ústine, onı kiygen adamǵa janındaǵılardan kimisi-aqıllı, kimisi-samsam, qaysısı-lawazımlı wazıypasına ılayıq, qaysısı ılayıq emes ekenligin birden anıqlap beretuǵın qásiyetleri bar eken. «Naǵız, maǵan kerek gezleme eken, — dep oyladı korol, — Sebep penen hámeldarlarımnıń qaysı biri wazıypalarına ılayıqlı yaki ılayıq emes ekenin anıqlap, qaysı biriniń aqıllı yaki samsam ekenligin bilip alaman. Qáne, usı gezlemeni toqıp beriwdi tezletińler!».

Korol jádigóylerge jumısların házirdiń ózinen baslap jiberiwdi tártip qılıp, aldın ala qollarına kóp aqsha da uslattı. Olar eki stanoktı qatara qoyıp alıp, inta menen jumıs islep atırǵan túr kórsetip basladı. Biraq, stanoklarda hesh nárse de joq edi. Olar qısınıp ta otırmastan, gezleme toqıw ushın kerek bolǵan jińishke talshıqlı jipek sabaqlar menen taza altın da soradı, olardı qaltasına bastı hám tań azannan qas qarayǵanǵa shekem bos stanoklar aldında otırdı da, qoyıptı.

«Jumıs qalay ketip atırǵanın bir barıp kórgenimde jaqsı bolar edi», — dep oylap qoydı korol. Sol waqta, yadına gezlemeniń tańqalarlıq qásiyetleri túsip, ózin irkipti. Tuwrı, onıń qorıqqanday jeri de joq, biraq... Ózi barmastan aldın, kórip qaytıwǵa birewdi jiberip alǵısı kelip qaldı.

Sonıń arasında tańqalarlıq gezlemeniń hawazası qalaǵa tarap ketti. Kim bolsa da, ózi menen birge janında júrgenleriniń qaysı biri iyelegen lawazımına ılayıqlı yamasa ılayıq emes, kim aqıllı, kim samsam ekenligin bilip alıwǵa qushtarlıǵı arttı.

— «Kel, birinshi márte, burınnan kiyatırǵan bas wázir ǵarrını jiberip alayın, — dep oyladı korol, — Meyli, ol barıp, gezlemeni kórsin. Sebep penen ol aqıllı ma, wazıypalı isine ılayıqlı ma, sonı bilip alayın!».

Mine, solay etip, wázir zalǵa kirip keldi. Qarasa, jádigóyler bos stanoktıń aldında qolların qawsırıp otır. «Óziń saqlay gór, Jaratqan! — dep oyladı wázir olarǵa baqırayıp qarap, — Men hesh nárseni de kórmey turman ba?».

Biraq, ol ishki sezimlerin sırtqa shıǵarıp ayta almadı. Jádigóyler oǵan húrmet kórsetip, janına jaqınlap keldi, gezlemeniń, onıń naǵısları menen boyawları unaǵanı-unamaǵanın aytıp beriwdi ótinish qıldı. Olar bos turǵan stanoklardı nusqap kórsetti. Biraq, wázir qanshelli kózin baqıraytıp qaramasın, báribir hesh nárseni, hátte mayda-shúyde de kórmedi. Óytkeni, ol jerde kórgendey nárseniń ózi de joq edi.

— «Qudayım-ay, bul ne sınaǵıń? — dep oyladı wázir, — Sonda men samsam bolǵanım ba? Ol tuwralı oylap ta kórmegen ekenmen, toba! Qudayım, basqanıń qulaǵına shalınbasın bul gáp. Bálki, men iyelegen lawazımıma ılayıq emes shıǵarman? Yaq, yaq, men gezlemeni kórmey turǵanımdı ashıq tán almawım kerek».

— Nege úndemey qaldıńız? Bir nárse deńiz? — dep soradı onnan toqımashılardan biri.

— O-ho, mınawıń tańqalarlıq eken! — dedi ǵarrı wázir kózáynegi astınan sıǵalap qarap.

Qanday naǵıslar, qanday boyawlar deseńiz-shi? Kórgen-bilgenlerimdi korolge aytıp baraman, álbette jetkeremen. Sizlerdiń jumıslarıńız maǵan qattı unap qaldı.

— Qolımızdan kelgeninshe háreket etip atırmız, — dep jádigóyler gezlemeni, nağıslardıń ózgesheligi menen boyawlarınıń úylesimligin táriyplep ketti. Wázir bolsa, barlığın túsigin qaldırmay korolge jetkerip barıw ushın, dıqqat salıp tıńladı. Solay isledi de.

Jádigóyler endi jáne de kóbirek aqsha, jipek hám altın sorap basladı. Al, gezleme toqıwğa birde sabaq sarplamadı. Burınnan islemey turğan stanoklardıń aldında otırıp aldı hám jumıs islep atırğan túr kórsetti.

Korol ekinshi márte saray hámeldarlarınan jáne birewin shaqırıp alıp, jumıstıń qalay ketip atırğanın hám gezlemeniń qashan tayar bolatuğının bilip qaytıw ushın jiberdi. Birinshisi menen qanday jağday júz bergen bolsa, sońğısı menen de sonday boldı. Bılay qaradı, olay qaradı, biraq bos turğan stanoktan basqa hesh nársege kózi túspedi.

— Qalay, sizge unadı ma?! — dep soradı jádigóyler oğan ózi joq gezlemeni kórsetip hám nağıslar menen boyawlardıń táriyplerin ábden kóterip.

— Men, samsam emespen, — dep oyladı jańa hámeldar, — Kórmey turman ba, demek meniń iyelegen lawazımıma ılayıqlı bolmağanım. Al, kerek bolsa! Biraq, qáytkende de kórmey turğan túr bildirmewim kerek!».

— Tańqalarlıq eken, tamasha... — dep keldi ol da korolge.

Kóp uzamay tańqalarlıq gezleme qalada duw-duw gáp bolıp ketti. Maqtawın jetkerip, ózgeshe súwretleri menen úylesimli boyawları tuwralı gápler awızdan-awızğa ótti.

Onı esitken koroldiń ózi de tańqalarlıq tamashanı kózi menen barıp kórgisi kelip ketti.

Korol sarayındağı hámeldarları menen xızmetkeleriniń eń saylandıların, sonıń ishinde burın kórip ketken ekewin

de alıp, bos stanoklar aldında bar ıqlası menen jumıs islegen túr kórsetip atırǵan jádigóylerdiń aldına keldi.

— Magnifique![1] Solay emes pe? — dep baqırıp shıqtı aldın kórip ketken eki hámeldar, — Qarap, háwesiń keledi. Durıs emes pe? Qanday súwretler... boyawlardıń ráńbáráńligin aytpaysań ba?

Kelgenlerdiń barlıǵı gezlemeni kózleri kórip turǵanlarınday, olar bas barmaqların kókke qaray shoshayttı.

«Bul ne sandıraq? — dep oylap qoydı korol, — Men hesh nárseni de kórmey turıppan. Bul jaqsılıqtıń álamatı emes, qanday qorqınıshlı kórinis!».

— Men ne, sonda samsam bolǵanım ba? Ya men korollik xızmetin atqarıwǵa ılayıqlı emes pe ekenmen? Bul onnanda bes beter jaman xabar».

— O-ho, tuwrı, ájep bolıptı, — dedi korol sońınan, — meniń quwatlawıma ılayıq is islepsiz!

Ol riyza bolǵan keyip bildirip, basın bir ırǵap qoydı. Bos turǵan stanoklardan basqa hesh nárse kórmey turǵan bolsa da, kewlindegisin ashıp ayta almadı. Korol menen birge kelgen hámeldarları menen xızmetkerleriniń barlıǵı qarap turǵan bolsa da, heshbiri hesh nárseni kórmedi. Soǵan qaramastan, báribir awızdan «tuwrı, jaqsı bolıptı» dep jabırlastı. Korolge jaqında bolatuǵın saltanatlı merekede kiyip shıǵıw ushın usı gezlemeden ózine taza kiyim-kenshek tiktiriwdi másláhát etipti.

— Magnifique! Tańqalarlıq! Excellent[2]! Tumlı-tustan maqullasqan dawıslar qarday boradı. Hámmeniń júzlerinde quwanısh! Korol kópshiliktiń kózinshe jádigóylerdiń kókireklerine «rıcar atanaǵı» ordenlerin taqtı hám olarǵa «sarayǵa miyneti singen toqımashı» húrmetli ataqların berdi.

---

1. Magnifique — francuzsha tańqalarlıq.
2. Excellent — francuzsha júdá pákize.

Merekege óter aqshamında jádigóyler jumıs basında boldı hám janında on altıdan aslam sham jaqtı. Koroldiń buyırtpa kiyimlerin óz múddetinde tapsırıw ushın toqımashılar kúni-túni ayanbay «xızmet etip atırǵanları» bárshege ayan boldı. Olar bolsa, stanoklarda gezleme toqıp atırǵan, úlken qayshılardı qollarına alıp, ólshep-shenep, piship atırǵan, sabaq ótkerilmegen iyneler menen tigip atırǵan túr kórsetip turdı.

Sońınan olar raport berdi.

— Buyırtpańız tayar boldı!

Korol bolsa hámeldarların janına alıp, kiyimlerin ózgertiwge keldi. Jádigóyler bir nárse uslap turǵanday túr kórsetip, qolların joqarı kóterdi hám sóylep ketti.

— Mine, shalbarıńız, mine, kamzol-jeńsiziñiz, mine, kaftanıńız (shekpeniñiz). Tańqalarlıq kiyimler boldı! Órmekshiniń awınday jep-jeńil, ústinizde barı da, joǵı da bilinbeydi. Kiyim degenniń jarasıǵı da sonda!

— Aytarı bar ma! — dep gúwildesti hámeldarlar hesh nárseni kórmegen bolsa da, kórgendey túr kórsetip.

— Endi, bolsa, házireti korol, bermanıraq jaqınlasıp, kiyim almastırsańız, — dedi jádigóyler korolge, — Biz sizdi taza kiyimge oramaqshımız!

Korol tır-jalańash bolıp sheshindi. Jádigóyler onı kiyindirip atırǵan, aldın birinshi, keyninen ekinshi qolların jeńlerine suqtırıp atırǵan túr kórsetti. Sońınan, iynine, beline bir nárselerdi qıstırıp atırǵan boldı. Korol bolsa, aynanıń aldında bılay-bılay júrip, sánin keltirip atırǵan sınay tanıttı.

— Toba, kiyimleriniń bunshelli jarasıqlısına qaramaysań ba? Tap, bir quyıp qoyǵanday! — dep sıbırlastı hámeldarlar bir-birlerine, — naǵısların ayt, yaq boyawların aytpaysań ba? Naǵız merekege kiyip shıǵatuǵın kiyimler bolıptı.

— Baldixin (korol otıratuǵın sayamanlı shertek) ákelindi, — dep buyrıqtıń orınlanǵanın jetkerdi ober-ceremoniymeyster (jasawılbası).

— Men tayarman, — dedi korol aynanıń aldında jáne de mıńda bir aylanshıqlap. Bul háreketleri arqalı oǵan óziniń sánin dúzep atırǵan túr kórsetiw kerek boldı.

Koroldiń jerge súyretilip júretuǵın korollik mantiyasın (shekpenin) kóterip júretuǵın kamergerler (xızmetkerler) edennen bir nárseni kóterip alǵanday túr kórsetti, qolların aldılarına sozdı hám koroldiń izine erdi. Olar hesh nárseni kórmegen bolsa da, ashıq aytıwǵa batına almadı.

Mine, korol sayamanlı shertek astında kóshe boylap saltanat penen kiyatır. Kósheler boyında toplamsqan alamannıń dawısı keledi.

— Korolimizdiń taza kiyimleri shap-shaq bolıp, jarasıp turǵanına qarańlar! Tańqalarlıq dárejede! Tap, bir quyıp qoyǵanday! Birde adam kiyimi kórinbeydi dep tis jarıp aytpadı.

«Ózlerin samsam eken, xızmetine ılayıqlı emes eken» dep jáne birew ginaratlap júre me degen oyda, kewildegi gáplerin ishlerine juttı. Koroldiń heshbir kiyimine jurt aldın bunshelli tań qalıspaǵan edi.

— Haw-w, ol tır-jalańash kiyatır ǵoy? — dep baqırdı sonda alamannıń ortasınan bir jas bala.

— Esittińiz be, náreste ne dep atırǵanın? — dedi onıń ákesi. Alaman esitkenin birewden-birewine sıbırlap ótkerdi.

— Ol tırday jalańash! Mine, mına bala aytıp atır, tır-jalańash dep! Alaman shuwıldasıp ketti.

Korol qorqıp qaldı. Oǵan alamannıń gápi haqtay túyildi. Qáytkende de, saltanattı sońına jetkeriw kerek.

Solay bolsa da, alamannıń aldında, saldamanlı túrde shıǵıp sóyledi. Al, kamergerler bolsa, ózi joq gezlemeni kótergen túr bildirip, koroldiń izinen ketti.

## SÚYKIMSIZ PALAPAN

Qalanıń shet-shebiri házlik edi. Jazdıń ayı. Qara biydaydıń altın masaqları, sulılar jap-jasıl, gúdilengen bedeler, jasıl jaylawda uzın ayaqlı láylek gezip júr, ol mısırshalap tillesiwdi anasınan úyrengen. Dalańlıqlar hám jaylawlardıń arǵı jaqları dút toǵaylarǵa ulasıp ketedi, sol toǵaylardıń ishinde shúp-shúńgil kóller de bar. Ulıwma qaladan shıqsań, turısı házlik!

Kúnshıǵar tárepinde eskiden qalǵan háwli bar. Dógeregi tereń qándekler menen qorshalıp, oǵan suw jiberilgen. Úydiń diywalınan baslap, sol suwlarǵa shekemgi aralıqtı palatı putalıǵı basıp ketken. Hátte, onıń úlken japıraqları astına nárésteler tik turısında sıyıp ketedi. Palatı putalıqlar arası da tap bir qalıń toǵaylarda sıyaqlı, adam izi túspegen hám gúńgirt edi, hákisine úyrek te tap sol jerge qurıq basa qoyǵan. Oǵan shójelerin qurıqtan shıǵaratuǵın waqıt ta jetti. Onıń ústine qurıq basıp, otıra beriw de janına tiydi. Qurıq basqanına biraz boldı. Solay bolsa da, halınan xabar alıwǵa heshkim kelmedi. Basqa úyrekler palatınıń janında onıń menen birge bolıp, ǵańqıldasqannan, qándektegi suwlar da júzip júrgendi abzal kórdi.

Somında máyekler de qabıǵınan shıtnap basladı-aw! Shúyk, shúyk! — ishinen shúykildegen sesler shıqtı. Barlıq máyeklerdiń sarı uwızlarına jan endi, ishinen baslar kórindi.

Kóp uzamay palapanlar sarı uwızdan sırtqa shıqtı hám palatılardıń jasıl japıraqları astınan sırtqa názer taslastı, jasıl reń kózlerine paydalı edi, sol sebepli anası da olarǵa hesh nárse dey qoymadı.

— Way, bo-oy, jaqtı dúnya degen keń eken ǵoy? — dep tańlanıstı úyrektiń palapanları.

— Aytarı joq! Máyektiń qabıǵında jatqanımızǵa qaraǵanda biraz keńislik eken!

— «Jaqtı dúnya, tek ǵana usı jer dep oylap atırsız ba? — dedi anası, — Tek bul jer emes. Ol uzaq-uzaqlarǵa sozılıp ketedi. Ana baǵdıń, atızlıqlardıń arǵı jaqları barlıǵı dúnya, biraq men ol jaqlarǵa tuwılǵalı barıp kórmegenmen. Nege endi, barińiz bir jerge jıynalıp qaldıńız?». Ol ornınan turdı. Haw, ele jáne birewi bar eken ǵoy? Eń úlken máyek qabıǵı shıtnamaptı da.

Ol endi, qashan shıtnar eken? Wh-h, janǵa da tiyip ketti!

Ol qurıqqa jáne qayta otırdı.

— Harma! — dedi onı kóriwge kelgen kempir úyrek.

— Bar bol! Mına, bir máyekten shóje shıǵara almay atırman, — dedi jas úyrek, — Ya shıtnamaydı. Mına shójelerge qara? Kózdiń jawın aladı. Tap, ákesiniń awzınan túskendey!

— Qáne, shıtnamay atırǵan, máyekti berman berip jiber, bir kóreyin, — dedi kempir úyrek, — Him-m, mınawıń túyetawıqtıń máyegi bolıwı kerek. Bir zamanları meniń astıma da, usınday, túyetawıqtıń máyegin qosıp jibergen. Saǵan ótirik, maǵan shın, sol túyetawıqtıń shójelerine júziw úyretemen dep, basım bálege qalǵan! Qosılıp ǵańqıldap ta kóremen, suwǵa iyterip te kóremen, hárgiz baspaydı. Qáne, máyekti bir uslap kóreyin. Áne, ayttım-aw! Naǵız túyetawıqtıń máyegi... Qolıńdı oǵan bir silte de, basqa shójeleriñe júziwdi úyret!

— Qoy, qurıq basıp, otırıńqırap kóreyin, — dedi jas úyrek, — usı waqqa shekem shıdadım, qalǵan jaǵında da bir ámellermen!

— Óziń bil, onda! — dedi kempir úyrek hám ketip qaldı.

Aqırında, sońǵı máyek te jarıldı-aw!

«Shúyk, shúyk». Shóje shúykildedi hám máyekten bas shıǵardı.

— Mına birew, qanshelli úlken hám bunshelli ıńǵaysız deseńiz-shi? Úyrekler oǵan jalt qarastı.

— Toba, shóje de usınday bola ma eken? — dedi ol, — Basqa shójelerge hárgiz uqsamaydı, shınında da, túyetawıqtıń shójesi emes pe eken? Meyli, qolıma tústi ǵoy, iytersem de suwǵa túsirip kórermen!

Erteńine tańqalarlıq hawa rayı boldı, jasıl japıraqlardıń ústine kún tústi. Úyrek shójeleri menen qándek tárepke qaray jol aldı. «Bulk», «bulk»... olar háwizge de jetip keldi.

— «Ǵańq», «ǵańq»... ǵańqıldasıp basladı. Úyrektiń shójeleriniń barlıǵı suwǵa tústi. Aldın olar suwdıń astına súńgip ketti. Sońınan joqarı shıqtı, dáslepki júziwleri de sátli shıqtı. Qanatları suwǵa malınıp, deneleri úyreniseyin dedi. Túri ájeptáwir, ózi náletiy bolsa da, sıqılsız, súr úyrek olardan qalısa qoymadı.

— Yaq, bul túyetawıqtıń shójesi emes, — dedi úyrek, — ol, ol meniń palapanım, urpaǵım... Yaq, ol samsam da emes, áne, áne, qaray ǵoy! Házir men onı qáwimge alıp ketemen-dá, quslardıń toparına aparıp qosaman. Kettik! Tek ǵana maǵan tıǵılıńqırap júriń, birew-mirew kóz alayttırıp júrmesin, pıshıqtan abaylı bolıńlar!

Kóp uzamay, quslardıń arasına da jetip kelisti. Toba! Bul, ne degen urıs-qaǵıs! Eki úyrektiń tuqım-teberigi bir jılan balıqtıń basına talasıp, qırılısıp qalǵan! Bas eki ortada pıshıqqa nesip etip ketken.

— Kórdińiz be, jaqtı dúnyada ne bolmaydı?! — dedi úyrek tumsıǵınıń ushı menen jalap kórip hám óziniń de jegisi kelip ketti. «Qáne bir kóreyin, qanatlarıńdı jayıńlar!», — dedi shójelerine, — ǵańqıldańlar hám barıp, ana ǵarrı úyrekke tájim etińler! Ol bul jerdegi úyreklerdiń

ishindegi eń abıraylısı. Onı shıǵısı ispanlar násilinen, sol sebepli de semiz, mayǵa pitip qalǵan. Onıń qanatlarındaǵı qızıl quraqlardı kórdińler me? Qanday jarasıp tur! Bul úyrekler turmısında birewiniń bir ómirde bolıp-bolǵanı, sonlıqtan sol quraqlar arqalı onı adamlar da, haywanlar da tez tanıydı, ózi de, sol quraqlarınan ayırılıp qalıwdan qattı qorqadı. Qánekey, qáddilerińdi tikleń! Durıs tárbiya alǵan shójeler ákesi hám anası sıyaqlı qanatların keńnen jayıwı kerek. Áne, sonday! Berman qarań! Endi tómenge qarańlar hám «ǵańq» dep shuwlasıńlar!

Olar solay isledi. Biraq, endi olarǵa kóz tigip otırǵan basqa úyrekler de tilge endi.

— Bul qayaqtan payda bolǵan, bir topar alaman? Tap, bir ózlerimiz jetispey atırǵanday. Onıń ústine mına birewin qarań, qalay-qalay ózi, ya bir sıqılı joq? Endi, bizler onı sıyıstırmasaq kerek!

Sonıń arasında birewi kelip, onıń jelke tárepinen tumsıǵı menen shoqıp ta aldı.

— Tiyme oǵan, — dedi ana úyrek, — Ol saǵan ne qıldı, onshama?

— Túr-túsine qara, ájeptáwir hám jerkenishli, — dedi basqa úyrekler, — Oǵan usı bastan ákesin tanıtıp qoyıw kerek.

— Balalarıń bunshelli súykimli, — dedi qanatında qızıl quraǵı bar ǵarrı úyrek, — bári súykimli, biraq mına birewin aytpaǵanda... Dım sátsiz tuwılǵan! Qánekey, qayta jaratqanda!

— Onıń ilajı joq, shabazım, — dedi ana úyrek, — Tuwrı, ol sulıw emes, biraq kewli haq. Hátte, júziwde basqa palapanlardan dım da qalıspaydı dep, batıl ayta alaman. Menińshe, waqıttıń ótiwi menen, bári orınlı-ornına túsip, qatarı menen teńlesip ketse kerek. Ol, biyshara máyekte kóp jatıp qaldı, sol sebepli ıńǵaysız

tuwıldı, — ol palapannıń jelkesinen sıypaladı hám párlerin dúzestirip qoydı, — Onıń ústine bul qoraz úyrek, al qorazlarǵa sánniń dım da keregi joq. Erjete kele, ózi-aq kele bolıp hám nanın ózi tawıp jep keter dep oylayman!

— Sonda da, qalǵan palapanlarıńnıń sonday súykimlisin aytpaysań ba, sonday bir... — dedi ǵarrı úyrek, — meyli úyge arqayın jaylasıp alıńlar! Eger jılan balıqtıń basın tapqanday bolsańlar, aldıma alıp kelersizler!

Solay etip, ana úyrek shójeleri menen óz úyindegidey arqayın jaylasıp aldı. Tek ǵana ishinde eń sońǵı tuwılǵan sorlı hám sıqılsız palapandı shetlete berdi, barlıq úyrekler de, tawıqlar da, onı túrtkilep, jinine tiyip basladı.

— Mına birew, oǵırı úlken-aw, — desti olar.

Al, qoraz úyrek tuwma jez tırnaqlı bolǵanlıqtan ózin imperatorday sezip tur. Tap bir, jelqomlı kemelerdi izine ertip baratırǵan korabl sıyaqlı isinedi hám ushıwı menen ana úyrektiń janına keldi. Oǵan názer saldı hám ǵázebin shashıp, sherin tarqattı.

Úyrektiń sorlı palapanı ne qıların, qayaqqa qasharın bilmedi. Sonda bunshelli sıqılsız bolıp dúnyaǵa keliwine bále bar ma? Onıń ústine atı quslar dúrkininiń mazaǵına aylandı.

Solay etip, birinshi kún ótti, kún-kóris kúnnen-kúnge qıyınlastı. Úyrektiń sorlı palapanına tiyispegen úyrek qalmadı, hátte aǵaları hám apaları da shaǵıp sóyledi. «Búytip tiri júrgeninen seni, pıshıq jep ketkeni jaqsı edi». Oǵan anası da qosıldı. «Há, jer tartqır! Kúnnen-kúnge saǵan qarawdıń ózi jerkenishli bolıp baratır». Basqa úyrekler onı shımshılap ótti, tawıqlar shoqıdı, al quslarǵa jem beretuǵın qız bolsa, ayaǵı menen tewip ketti.

Úyrektiń palapanı basqa shıday almadı, háwliden juwırıp shıqtı hám ergenekten asırılıp ótti. Qorqısıp ketken quslar putalardıń aralarınan pırıldasıp ushtı.

— Bári meniń, náletiy bolıp tuwılǵanımnan, — dep oylap qoydı úyrektiń palapanı, kózin tarsa jumıp aldı hám bası awǵan jaqqa pálpellep ketti. Juwırıp otırdı, juwırıp otırdı, sońında jabayı úyrekler mákanlaǵan batpaqlıqqa keldi. Qayǵı-muńlı hám haldan da tayǵan edi, ol usı jerdiń ózinde túnep shıqtı.

Tań sáhárde jabayı úyrekler ińlerinen shıqtı hám ózleriniń jańa joldasın kórdi.

— Bul qanday qus boldı eken-ay? — desti olar.

Úyrektiń palapanı bilgeninshe kerbazlandı hám tájim etti.

— Bunshelli jerkenishliseń, — desti jabayı úyrekler, — Bizge ǵoy, báribir. Biraq, bizler menen tamır-shataq bolıp ketiw, qıyalıńa da kelmesin!

— Sorlı-aw! Oǵan olay oylawdı kim qoyıptı! Tek ǵana mına qamıslar arasında júrse, batpaqlıqtıń suwlarınan ishse, boldı-dá!

Ol batpaqlıqta eki kúndey jasadı. Úshinshi kún degende jabayı úyrektiń eki qorazı keldi. Olardıń máyekten shıqqanına onshelli kóp bolmaǵan, sol sebepli biraz erketay edi.

— Berman qara, zamanlas, — desti ekewi, — sen sonday, nárenjan sorlı ekenseń, bizge unaysań da, biz benen birge qosılıp, ushıp júrgen hám erkin qus bolıp jasawdı qáleyseń be? Bul mannan onshelli uzaq emes jerde jáne de bir batpaqlıq bar. Onda jabayı úyrektiń boy jetken qızları jasaydı. Olar «ǵaq-ǵaq» dep, sóylesip te biledi. Sen sonday, biyshara kóriniste bolǵan menen, sol qızlar arasında abıraylı bolıp ketiwiń múmkin».

— «Pańq», «pańq», sonıń arasında batpaqlıqtıń arasınan dawıs shıqtı hám eki qoraz da qamıstıń arasına qulap tústi, suwdıń beti qıp-qızıl qanǵa aylandı. «Taq, taq»... jáne pańqıldı esitildi hám qamıslıqtıń ústine bir dúrkin qoraz ushıp shıqtı.

— Arqańdı kerip, sozıp, mıyawlap, júnińnen nur shashıp bileseń be?

— Yaq!

— Onday bolsa, aqıllı adamlar sóylesken waqta, aralaspay, jónińe otır!

Hám úyrektiń palapanı úrpeyiwi menen bir shette qaldı.

Birden onıń taza hawa jutıp hám kempir quyashta taplanıp, suwda shomılıp júrgisi kelip ketti. Ol ózin uslap tura almadı hám oyın tawıq penen ortaqlastı.

— Ne boldı, saǵan onshelli, — dedi ol, — Sen bir júrgen biytalapsań. Biytalaptıń qıyalına neler kelmeydi. Birde máyek tuw, birde mıyawlap úyren! Sonda qıyalına usınday samsam pikirler kelmeytuǵın boladı.

— Shomılıwdıń qanday házlik ekeniń bilmeysiz-dá, — dedi úyrektiń palapanı, — Hátte, bastan taslap, suwdıń tereń-tereńine súńgip ketkende!

— Sonnan da házlik bolıp, — dedi tawıq, — Sen aljıǵansań! Sen onı pıshıqtan sorap kór, men biletuǵınlar ishinde onnan aqıllısı joq. Shomılıwıń kerek pe, kerek emes pe, dep. Ózimdi aytpay-aq qoyayın. Bolmasa úydegi kempirden sora! Jaqtı dúnyada onnan ótken dana joq. Shomılıw hám júziw dep atırǵanlarıń kerek pe, kerek emes pe? — dep.

— Yaq, siz meni túsinbedińiz! — dedi úyrektiń palapanı.

— Qızıq, eger, seni bizler túsinbesek, kim túsinedi, seni ózi, mıyıń jayında ma? Sen ne, ózińdi pıshıqtan da, kempirden de aqıllıman dep oylaysań ba? Ele de, ol qatarǵa meni qospaǵanda? Qullası, qaytalap aytaman, samsam qıyallarıńdı oyıńnan shıǵarıp tasla hám saǵan ne ǵamxorlıq jaratqan bolsaq, soǵan ırza bolıp júre ber! Saǵan baspana berildi, suwıqta dalada qalaman demeyseń,

sonday bir uyımǵa tap boldıń, bul jerde bir nárseni úyreniwiń múmkin. Biraq, seniń mına mawbas gelleń, oǵan jetpeydi, ol tuwralı sóylesiwge de arzımaydı. Maǵan isene ber, men saǵan jamanlıq oylamayman, ǵamxorlıq qılıp atırman. Haqıyqıy dos degen usınday jaǵdayda bilinedi, Sen, birde máyek tuwıp, birde iyilip, sozılıp, mıyawlap, ústińnen nur shashıp úyreniwiń kerek!

— Meninshe, bul jerden basımdı alıp, shıǵıp ketkenim maqul bolar, — dedi úyrektiń palapanı.

— Ketseń, jolıń bolsın! — dep juwap berdi tawıq.

Úyrektiń palapanı jolǵa tústi. Ol júzip te, súńgip te kórdi, biraq báribir haywanlardıń qay-qaysısı da onnan jerkene berdi.

Gúz de tústi. Daraqlardıń japıraqları sarǵaydı hám gúńgirt tarttı, samal olardı diń aspanda shır-gúbelek aylandırdı. Hawa rayı da biraz suwıp ketti. Qoyıw bultlardan jerge birde burshaq, birde qar quydı, al shaldırawda otırǵan ǵarǵa bolsa, bar dawısqa salıp, ǵarqıldadı. «Ǵarq!», «Ǵarq!». Bir aydıń ishinde bunday suwıqta muzlap qalsań da, táájip emes. Qullası, úyrektiń palapanına dım qıyın boldı.

Kúnlerdiń kúninde, quyash shaǵırayıp turǵan gezde qalıń putalıqlar arasınan bir dúrkin qus aspanǵa kóterildi. Úyrektiń palapanı bunshelli sulıw, qarday appaq hám uzın moyındı heshqashan kórmegen edi. Háwesi keldi.

Bular aq quwlar edi. Ózlerinen álleqanday sesler shıǵarıp, olar uzın qanatların jayıp, pál-pállewi menen suwıq jaqlardan jıllı úlkelerge, teńizdiń arǵı jaqlarına jol alǵan edi. Aq quwlar diń aspanǵa kóterildi, al úyrektiń sorlı palapanınıń kewlin túsiniksiz qorqınısh biyledi. Ol suwda urshıqtay aylandı, moynın sozdı hám saz dawısqa salıp, baqırǵanı sonshelli, onnan ózi de qorqıp ketti.

Solay bolsa da, keń hawada sharıqlap baratırǵan erkin hám baxıtlı quslardan kóz almadı. Olar kózden ǵayıp bolǵanda barıp, suwǵa súńgidi hám biyligi ózinen ketti. Úyrektiń palapanı bul quslardıń atların da, olardıń qayaqqa ushıp baratırǵanların da bilmeydi. Biraq, olardı jaqsı kórip qalǵanı sonshelli, heshkimdi házirge shekem bunshelli jaqsı kórgen emes. Tuwrı, sulıwlıǵına háwes ete qoymadı, óziniń sonday sulıw quslardıń biri bolıwı múmkin ekenligin qıyalına da keltirmedi. Oǵan basqa úyreklerdiń tiyispegeni, kemsitpegeni, mazaq qılmaǵanınıń ózi jetkilikli. Úyrektiń sorlı palapanı-ay!

Qıs qattı keldi. Suw muzlap qalmawı ushın, úyrektiń palapanına tınımsız júzip turıwǵa tuwrı keldi. Biraq, júziw aydını kúnnen-kúnge kishireygennen kishireye berdi. Kúnniń suwıqlıǵı sonshelli, muzdıńústi qaq ayırılıp, shıtnawǵa qaradı. Úyrektiń palapanınıń ayaǵında tınım bolmadı, hálsirep te qaldı, sońı ulıwma muzlawı menen tamam boldı.

Tań azanda ol jerden bir diyqan ótti. Onıń qatıp qalǵan úyrekke názeri tústi, aǵash óksheli gewishi menen muzdı oydı hám óler halına kelgen úyrekti úyine, hayalına alıp keldi. Úyrektiń palapanınıń denesine jıllılıq jiberip, ózine keltirdi.

Endi, balaları onıń menen oynamaǵa qaradı. Al, ol balalardıń oyının ózin qorlap atırǵanday dep túsindi. Úyrektiń palapanı qorqqanınan ornınan sekirip ketti hám suw shelektiń ishine barıp tústi. Suw shelek shaypatılıp ketti. Úy biykesi qolların shoshaytıp, sharbayalanıp basladı. Al, úyrektiń palapanı ol gezde may tolı gúbige, onnan da sekirip, un salıp qoyǵan bochkanıń ishine túsken edi. Úy biykesi bolsa, qolına burandalı atawızdı alıp, izinen quwmaǵa qaradı. Balalar ayaq-ayaqlarına tiymey, úydi baslarına kóterdi, kúlkige

alısadı, shırlasadı. Ele de quday jarılqap, esik qıyalay ashıq eken, úyrektiń palapanı sırtqa atıldı, ózin putalıqqa, endi ǵana jawǵan qardıń ústine urdı hám es-túsin bilmey, sol jerde uzaq jattı.

Úyrektiń palapanınıń qattı kelgen qısta kórgen azapları menen qorlıqların jazıp otırıw dım muńlı. Quyash nurı, jer betin ábden qızdırǵanda, ol batpaqlıqta, qamıslar arasında kósilip jattı. Boz torǵaylar sayradı. Báhár keldi!

Úyrektiń palapanı qanatların qomladı hám ushıp ketti. Endi samal onıń qanatları astında gúwildep esti, qanatları da burınǵıday emes, biraz qatayǵan. Ol esin jıyıp úlgermey atırıp, bir úlken baǵqa qalay kirip kelgenin ózi de sezbey qaldı. Baǵda alma aǵashları gúllegen, xosh iyisli siren aǵashı uzın, jasıl japıraqlı shaqaların iyrek-iyrek arnanıń ústine jayǵan. Qanday gózzallıq, jannıń ráháti deseńiz-shi!

Birden qalıń putalıqtıń arasınan, sulıwshıqtan kelgen úsh aq quw shıqtı. Olardıń jeńil hám bir tegis júzgenleri sonshelli, tap bir suw betinde sırǵanap kiyatırǵan sıyaqlı. Úyrektiń palapanı bul quslardı tanıdı hám sol zamattıń ózinde kewlin muń biyledi.

Sol sulıwshıq quslarǵa jaqınlap, ushıp barıp kóreyin-shi! Meni sıqılsız sanap, ólimshi etip, shoqıp taslawları da múmkin, dep oylaydı, solay bolsa da barıp, kóriwge bel bayladı. Meyli, ne qılsa, ol qılsın! Solardıń qollarınan-aq ólip keteyin! Qalay da, qısı-jazı úyrekler menen tawıqlardıń nasaǵına shıdap, quslarǵa jem salatuǵın qızdıń tepkisin jep júrgennen jaqsı shıǵar!

Ol áste suwǵa tústi hám sulıwshıq quslarǵa qaray júzdi. Onıń baxtına, olar da bunıń háwesin keltirip, berman qaray bet aldı.

— Meni oltirińler! — dedi ólimine qayıl bolǵan úyrektiń palapanı basın tómenge iyip. Sonda,

kútilmegende aynaday jarqıraǵan suw betinde ne kórdi desesh! Úyrektiń gúńgirt-sur reńdegi náletiy palapanı emes, al aq quw...

Úyrektiń qurıǵınan shıqqanı menen aq quwdıń máyeginen aq quw payda boladı eken.

Kewlin birden quwanısh biylep ketti. Bolmasa usı waqıtqa shekem qanshadan-qansha qayǵı-uwayım hám kemsitiwlerdi basınan keshirdi. Endi ol baxıttıń qádirin hám átiraptı qorshaǵan tábiyattıń tań qalarlıq kórinislerin basqasha túsindi. Al, ǵarrı aq quwlar onıń átirapında pármana boldı, tumsıqların úykelep, onı erkeletti.

Baǵqa bir topar balalar juwırıp keldi. Olar aq quwlarǵa nannıń usaqları hám dán tasladı, al eń kishkentayı bolsa, bar dawısı menen baqırıwǵa qaradı.

— Jańadan birewi kelipti!

Basqaları oǵan qosıla shuwlastı.

— Jańadan, jańadan...

Balalar qolların shappatlastı hám quwanıshları qoyınlarına sıymay, oyınǵa túsip ketti. Sońınan ákeshesheleri tárepke qaray juwırdı, jáne qaytıp keldi, suwǵa nannıń usaqları menen dán tasladı. Barlıǵınıń aytarı mına gáp.

— Jańa aq quw, ishindegi eń jaqsısı! Ol sonday jas hám sulıw.

Ǵarrı aq quwlar onıń aldında bas iydi.

Al, ol ne qıların bilmey, basın qanatları astına tıqtı, ne ushın, om ózi de tusinbedi... Hádden tıs baxıtlı edi. Biraq, maqtanbadı, óytkeni maqtanısh degen sezimniń ne ekenin de bilmeytuǵın edi. Hámme onı mazaqlap, kemsitip atırǵan zamanları yadına tústi. Endi bolsa, sulıw quslardıń ishindegi eń sulıwısań dep atır! Siren aǵashı bolsa, oǵan suwǵa qaray, xosh iyisli jasıl shaqaların iyip tur, quyash jarqırap ashılǵan... Birden onıń qanatları

gúwildep ketti, uzın moyınları maqtanıshlı túrde kókke sozıldı, al júreginen quwanıshqa tolı shawqım sırtqa atıldı.

Yaq, jas gezinde, úyrektiń náletiy palapanı bolıp júrgen waqlarında bunday baxıttı qıyalına da keltirmegen edi!

# CHEXOV ANTON PAVLOVICH
(1860 — 1904)

## AWÍLDAĞÍ ATAMA XAT

Jukov Vanya, toğız jastağı bala, bunnan úsh ay burın etikshi Alexinge shákirtlikke berilgen. Ol Rojdestvoğa (Jańa jıl aldında ótkeriletuğın diniy bayram) óter aqshamı uyqığa jatpadı. Xójeyinler hám járdemshileriniń shirkewge shoqınıwğa ketkenlerinen paydalanıp, buyımlar saqlanatuğın shkaftan sıya tolı dáwetti, tat basqan perosı bar ruchkanı alıp, aldına bir bet jımırılğan qağazdı jaya saldı hám jazıp basladı. Birinshi háripti qağazğa túsirmesten aldın ayna hám qapı tárepke bir neshe márte qarap aldı, bir neshe gúrsinip te qoydı. Qağaz otırğıshtıń ústinde edi, al ol otırğıshtıń aldına dizerlep otırdı.

«Jannan jaqsı kóriwshi atam, Konstantin Makarıch! — dep jazdı ol, — Men sizge xat jazıp atırman. Sizdi Rojdestvo bayramıńız benen qutlıqlayman hám sağan qudaydan kóp kúsh-quwat tileymen. Meniń ákem de, anam da joq, jaqınımnan tek ğana bir óziń qaldıń!».

Vanya ózi jağıp qoyğan shamnıń sáwlesi kórinip turğan qarańğı aynağa bir názer tasladı hám onda bay Jivarevta túngi qarawıllıq xızmette islewshi óziniń atası Konstantin Makarıchtı kórgendey boldı. Atası 65 jaslar shamasındağı ğarrı, tapaltas boylı, júdew, biraq hádden tıs shaqqan

hám tınımsız, kózleri mólerip tursa da, bárhama kúlimsirep júredi. Ǵarrı kúndiz asxanada uyqılaydı yamasa aspaz hayallar menen dálkeklesip otıradı, al túnde keń postındı kiyip alıp, háwlini aralaydı hám toqpaǵı menen dúkildetip júredi. Onıń izinen basın tómen salbıratıp ǵarrı iyt Kashtanka hám kópek iyt Vyun (vyun-jılan balıq, iyttiń reńi qara hám denesi laska, yaǵnıy suwsar tuqımına kiretuǵın jırtqısh haywannıń denesindey uzın bolǵanı ushın solay atalǵan) erip júredi.

Sol Vyun hádden tıs sıylı hám álpeshlewli, óziniń adamlarına da, basqalarǵa da jaramsaqlanıp qaraydı, biraq báribir oǵan isene beriwge bolmaydı. Onıń sıylılıǵı hám álpeshleniwi astında haram pikirli tabalawshılıq jasırınıp jatadı. Kútpegende kelip, baltırdan alıw, muzdıń ústine shıǵıp ketiw yamasa úyden tawıq urlaw sheberligin onnan heshkim de ótkere almaydı. Onıń artqı ayaqların bir neshe márte sındırıp ta kórgen, eki márte asıp ta qoyǵan, hár háptede ólimshi etip sabap ta aladı, biraq ol qayta qáddin alıp kete beredi.

Házir bolsa atası, bálki dárwazanıń aldında turǵan shıǵar! Awıllıq shirkewdiń ashıq-qızıl reńdegi aynalarına kózin qısıp qarap hám baypaǵın tepsinip, háwlidegiler menen ángime-dúkan da qurıp atırǵan bolar! Onıń shoqmarın beline asınıp alatuǵın da ádeti bar. Qolların olay-bılay sermep, suwıqtan búrseńlewi menen ǵarrılıq kúlkige salıp, birde úy xızmetindegi shorılardı, birde aspaz hayallardı gápke tartadı.

— Temekini iyiskep kóresiz be? — dep qoyadı ol hayallarǵa óziniń shılım salǵıshın sozıp.

Hayallar onı iyiskesip, túshkirisip jiberedi. Ǵarrı sheksiz quwanıshqa bólenip, kewli bir kóterilip qaladı, ishek-silesi qatadı hám baqırıp qoyadı.

— Qoya ǵoyıń, tońıp kettim!

Temekini iyisketiw ushın iytlerdiń murnına da tığadı. Kashtanka túshkirip jiberedi, tumsığın bılǵaydı hám ókpelewi menen bir qaptalǵa ketip qaladı. Vyun bolsa ádepli, túshkirmeydi, quyrığın bılǵańlatadı da qoyadı. Hawa rayı tań qalarlıq! Hawa bir qálipte, ashıq hám taza. Tún qarańǵı, biraq awıldaǵı aq reńdegi tam basları, morılardan sızatlanıp shığıp atırǵan tútinler, japıraqların qıraw tartqan terekler, qar úyindileri kózge taslanadı. Aspan astı janıp-óship turǵan juldızlar menen bezetilgen. Qus Jolın tap birewler bayram aldı sıpırıp hám qar menen juwıp qoyǵanday...

Usılar yadına túsken Vanya awır demin alıp qoydı, perosın sıyaǵa batırdı hám jazıwın dawam etti.

— Keshe meni úyden shıǵarıp tasladı. Xójeyin shashımnan tartıp, meni háwlige súyrep shıqtı hám men olardıń balasınıń besigin terbep otırıp, abaysızda uyqılap ketkenim ushın qayıs penen sabadı. Al, ótken háptede xojeyin hayal maǵan balıq tazalawdı tapsırdı. Men bilmey onıń quyrığınan baslap tazalappan, ol bolsa balıqtı qolımnan julıp alıp, tumsığın betime úykeledi. Basqa shákirtler de meni mazaq qıla beredi, xojeyinniń qıyarın urlatadı, al xojeyin bolsa, qolına túsken nárse menen sabalap ketedi. Jegendey awqat joq. Azanda nan, túste bılamıq hám keshte jáne nan beredi. Al, chay menen turshikti xojeyinlerdiń ózleri ǵasırlatıp otıradı. Maǵan tósekti gúdiniń ústine salıp beredi, olardıń balası jılaǵan gezde maǵan uyqı joq, besik terbetiw menen otıraman. Janım, ata, quday ushın, meni jarılqa, bul jerden meni úyge, awılǵa alıp ket, basqa sharam qalmadı... Ayaǵıńa bas urıp, ant ishemen hám saǵan qudaydan uzaq ómir tileymen, meni bul jerden alıp ket, bolmasa ólip qalaman...».

Vanya ernin jıyırdı, qara alaqanı menen óziniń kózlerin súrtti hám solqıldap jıladı.

«Men seniń temekińdi uwqalap beremen, — dep dawam etti ol, — namazǵa jıǵılaman, al eger bir nárse qılǵanday bolsam, Sidorovtıń serkesindey etip, pishtirip-aq tasla! Eger maǵan jumıs tabılmaydı dep oylasań, men Xristtiń (qudaydıń) atı menen ant iship, prikazchikke (baydıń is júrgiziwshisi) etiklerin tazalawshı bolıp-aq jallanaman yamasa Fedkaǵa qosılıp, mal baǵıp ketemen. Janım ata, basqa sharam joq, ólimnen basqa. Payıw-piyada awılǵa qaray qashayın desem, ayaǵımda etigim joq, suwıqtan qorqaman. Úlkeyip erjetkennen keyin, seni baǵatuǵın bolaman hám seni heshkimge qapa qıldırmayman. Eger ólip ketkendey bolsań, ruwxıńa duwa oqıyman, anam Pelageyanıń ruwxına oqıǵanday etip!

Moskva — úlken qala. Úylerdiń barlıǵı baylarǵa tiyisli hám jılqılar da kóp, al qoylar joq hám iytleri de qabaǵan emes. Bul jerdiń balaları juldız taǵıp júrmeydi hám shirkewge (kliros) qosıq aytıwǵa heshkimdi jibermeydi. Men bir márte bir jayma dúkannıń aynasınan qalqısı bar hám barlıq balıqlarǵa bola beretuǵın satılatuǵın bir qarmaq kórip qaldım. Dım jaqsı, onıń ústine jáne birewi bar, bir pud (16 kg) keletuǵın balıqtı da tartıp shıǵaradı. Sol jayma dúkanlarda tóresımaqlar alıp júretuǵın hár qıylı túrdegi qural-jaraqlardı da kórdim, hárqaysısı keminde júz somnan. Al, gósh sháńgeklerde tuyǵınnıń, balıqtıń, qoyannıń góshleri bar, olardı qay jerlerde atıp aladı, onı satıwshılar aytpaydı.

Janım ata, qudaydıń shırshası kúni (jańa jıl bayramı) bolıp, adamlar kóp jıynalǵan gezde maǵan altın jalatılǵan ǵoza hám jasıl sandıq (oyınshıq) alıp, onı bir jerge jasırıp qoy! Baydıń qızı Olga Ignatevnaǵa ayt, bul Vanka ushın dep».

Vanya dirildep, jáne bir gúrsindi hám jáne ayna betke qaradı. Onıń yadına toǵayǵa shırsha ákeliw ushın bárhama atası ketetuǵını hám hár saparı aqlıǵın ózi menen birge alıp júretuǵını tústi. Qanday zaman edi! Atası da ǵarqıldap sóyleydi, suwıqta ǵarqıldaydı, olardı kórip, Vanya da ǵarqıldaydı. Shırshanı kespesten aldın atası temekesin tartıp, onı iyiskep, suwıqtan jawraǵan Vanyanıń ústinen ǵarqıldap kúliwshi edi. Qırawǵa malınǵan jas shırshalar, qaysı biriniń ájeli kelip turǵanın bilmesten múlgip turadı. Qayaqtandur, qar úyindisiniń ústinen shanshılıwı menen qoyan juwırıp ótedi. Atası ózin uslap tura almay qaladı.

— Usla, usla... usla deymen! Ah, quyrıǵı kesilgir, albaslı!

Atası kesip alınǵan shırshanı baydıń úyine alıp keledi, al ol jerde bolsa, tártipke salınadı. Hámmesinen beter, Vanyanıń jaqsı kóretuǵını, baydıń turmısqa shıqpaǵan qızı Olga Ignatevna sonıń menen áwere. Vanyanıń anası Pelageya tiri hám baydıń shorısı xızmetinde júrgeninde Olga Ignatevna Vanyaǵa nabat beriwshi edi. Basqa talabı bolmaǵannan keyin onı oqıwǵa, jazıwǵa, júzge deyin sanawǵa hám hátte ayaq oyın oynawǵa da úyretti. Pelageya ólgennen keyin bolsa, jetim Vanyanı adamlar awqatlanatuǵın asxana betke, atasınıń janına jiberdi, al ol jerden Moskvaǵa, etikshi Alexinge shákirt qılıp berdi.

«Jetip kel, janım ata, — dep dawam etti Vanya, — Quday ushın ótinish qılaman, meni bul jerden alıp ket! Mendey bir jetim biysharanı ayay gór, bolmasa meni hárkim sabay beredi. Tamaǵımdı toydırǵım keledi, ishim pisedi, aytarı joq, jılap otırman. Jaqında xojeyin basıma dastıq penen urdı, men qulap tústim hám zordan ózime keldim. Qor bolǵan ómirim, kórgenlerimdi iyttiń basına salmaǵay! Jáne de Alyonaǵa, Egor qıysıqqa hám

arbakeshke tájim qılaman, meniń payımdı birewge beriwshi bolma! Seniń aqlıǵıń — Ivan Jukov bolıp qalaman, janım ata, jetip kel!».

Vanya qaǵazdı tórtke búkledi hám jaqında tıyınǵa satıp alǵan konvertine saldı... Ol azǵana oylanıp otırdı da, perosın dáwetke bastı hám mánzilin jazdı.

«Awıldaǵı atama».

Keyin basın qasıp otırdı, oylandı hám jáne «Konstantin Makarıchke» dep qosıp qoydı. Jazıwına heshkim kesent qılmaǵanına más bolǵan ol basına malaqayın kiyip, tonın iynine atıp urıp, kóylekshen túrde kóshege juwırıp shıqtı.

Xattıń pochta qutılarına taslanatuǵının, al qutılardan onı más halındaǵı pochta tasıwshı — yamshikler tárepinen alınıp, sıńǵırlaǵan qońırawları bar úsh at jegilgen arbada jerdiń túrli-túrli mushına alıp ketiletuǵının ol jaqında gósh sháńgeklerde otıratuǵın qassaplardan bilip alǵan edi. Vanya dus kelgen birinshi pochta qutısına juwırıp bardı hám óziniń qımbatlı xatın tesikke tasladı...

Mazalı sezimlerdiń háyyiwine túsken ol, bir saat ótpesten pırıldap uyqıǵa ketti... Túsine awılındaǵı pech kirdi. Pechtiń ústinde atası jalań ayaqların maldas qurınıp, xattı aspaz hayallarǵa oqıp berip atır... Pechtiń janında quyrıqların bılǵańlatıp, Vyun júr...

## JAǴÍMPAZDÍŃ ÁJELI

Kúnlerdiń kúninde ekzekutor (patsha Rossiyasında mákeme baslıǵınıń xojalıq isleri boyınsha orınbasarı) Gleb Dimitrich Chervyakov teatrdaǵı orınlıqlardıń birinde otırıp, «Kornevil qońırawları» spektaklin kórdi. Ol átirapına kóz taslap, shadlıqqa bólengendey boldı. Biraq, kútilmegende... Awa, gúrrińlerde «kútilmegende» sózi

kóp ushırasadı. Avtorlar haq. Sebebi, turmıs kútilmegen jağdaylarğa oğada bay. Birden oğan júzi jıyırılıp, kózleri alaqlap, dem alısı páseńlegendey túyildi... Kózin dúrmiyinnen aldı, alğa eńterildi hám... «apshi-hiw». Túsingen bolarsiz, túshkirip jiberdi. Tuwrı, túshkiriw-hesh jerde de, heshkimge de ayıp emes. Erkekler de, policiya xızmetkerleri de, hámeldarlardıń keńesgóyleri de túshkiredi.

Hámme túshkiredi. Sol sebepli Chervyakov túshkirip qoyğanına onshelli qısınbadı. Mádeniyatlı adam sıpatında qol oramalı menen júzin bir sıpırıp aldı da, dógeregindegilerge názer tasladı. «Túshkiremen dep, birewdiń zeynine tiyip almadım ba eken?» degen oyda. Biraq, usı pátte ózinen-ózi qısınıp qaldı. Oğan birinshi qatarda, aldınğı otırğıshta otırğan bir ğarrı oramal menen taz basın, moynın sıpırıp, sońınan bir nárselerdi gúbirlenip tonqıldağanday túyildi. Chervyakov ol ğarrınıń temirjol salasında isleytuğın stats-generalı Brizjalov ekenin tanıwshı edi.

— Men túshkirgenimde oğan shashıratıp alğan bolıwım kerek, — degen oy keldi qıyalına. — Tuwrı, tikkeley baslığım emes. Biraq, háribir qolaysız. Qáytkende de, keshirim sorawım kerek!

Chervyakov bir jótkirinip aldı da, aldığa eńterildi hám generaldıń qulağına sıbırladı.

— Keshirersiz, baslıq ağa! Men túshkiremen dep, sizge shashıratıp aldım... Abaysızdan...

— Hesh gáp, onday boladı.

— Quday ushın bir keshiriń!... Men onday qılmaqshı emes edim!

— Tınısh otırshı, bir, bereket tapqır! Ananı tıńlayıq.

Chervyakov qısınıp qaldı, biymáni kúlip qoydı hám saxnağa názer tasladı. Saxnağa qarağanı menen burınğı

shadlıqtan nıshan da qalmadı. Tınıshı ketti. Antrakt (tánepis) boldı. Ol Brizjalovqa jaqınlap, janında olay-bılay gezip júrdi. Sońınan uyattı qoyıp, gúbirlendi.

— Men sizge túkirik shashıratıp aldım, baslıq aǵa... Keshiriń, meni... Men, sizge túkirik shashıratpaq túwe...

— Háy, qoyshı, bir... Ol meniń yadımnan álleqashan shıǵıp ketti. Sen bolsań, ele sol bayaǵı gápti eze bereseń, — dedi general tómengi erinin bir sılp etkizip.

— «Umıtqanbısh, al kózlerinde adamdı tabalaw bar, — dep oylap qoydı Chervyakov generalǵa gúmanlı názer taslap, — Adam menen sóyleskisi de kelmeydi. Oǵan durıslap túsindiriw kerek, — Men onı bilqastan islemedim... Jaratılıs solay bolsa qáytemen. Jáne meni, óziniń júzine túpirmekshi boldı dep oylap júre-me, álle qáytip. Búgin oylamaǵan menen, erteń oylaydı».

Chervyakov úyine kelgennen keyin óziniń teatrda ádepsizlik qılıp alǵanın hayalına ayttı. Hayalı oǵan dáslep itibar bermegendey túyildi. Sońınan qorqıp ketti. Biraq, Brizjalovtıń «basqa baslıq» ekenligin esitkennen keyin ǵana barıp, basıldı.

— Báribir, barıp, keshirim sorawıń kerek, — dedi hayalı, — seni jámáátte ózin uslay almaytuǵın mádeniyatsız birew eken dep oylap júre me, álle qáytip...

— Gáptiń bári usında da. Men onnan keshirim sorawım kerek, shártli túrde. Al, ol qanday da bir basqasha keyipte... Ya, bir durıslı pikir aytpadı. Sóylesiwge de waqtı joq.

Chervyakov kelesi kúni vicmundirin (kásiplik formasın) kiyip, saqal-murtın qırdı hám keshirim soraw ushın generaldıń jumıs ornına keldi... Qabıllawxana adamǵa lıqqa tolı edi. General sol jerdiń ózinde arız etip, qabıllawxanasına kelgenlerdi tıńlay basladı. Bir neshe adam menen sóylesip bolǵannan keyin, Chervyakovke júzlendi.

— Keshe, «Arkadiy»de otırıp, yadıńızda bolsa, — dep túsindire basladı ekzekutor, — oylamaǵan jerde, túshkirip qoydım... Sizge shashırap ketti. Keshiriń.

— Hesh gáp... Quday jarılqasın! Qáne, sen ne aytpaqshısań? General ekinshi adamǵa júzlendi.

— «Toba, sóyleskisi de kelmeydi, — dep qoydı júzi quwarıp ketken Chervyakov. — Demek, ashıwı kelgen... Yaq, bunı bılay qaldırıwǵa bolmaydı... Men oǵan túsindiriwim kerek».

Chervyakov sońǵı arız iyesin tıńlap bolǵannan keyin, jumıs kabinetine bet aldı. Izińen Chervyakov ta qosılıp kirdi hám jáne sol gápin basladı.

— Baslıq aǵa! Jáne tınıshıńızdı almaqshıman. Kemshiliklerimdi sezinip, táwbege keldim!... Bilqastan islemedim, onı ózińiz de sezgen bolarsız!...

General ájim basqan júzin bir sıypalap qoyıp, qolın bir siltedi.

— Siz meni mazaqlawǵa qaradıńız, ázizim! — dedi ol hám ózin esiktiń artına tasaladı.

«Qanday mazaqlaw bolıwı múmkin, — dep oylap qoydı Chervyakov. — Bul jerde mazaq qılıw múmkin emes. Tek generaldıń túsinbey atırǵanın aytpaǵanda. Bunnan bılay, mına, fanfaronnıń (menmen hámeldar mánisinde) aldına kelip bas iymegenim bolsın. Sadaǵası ketsin!

Xat jazsam, jazarman-da, biraq aldına hárgiz kelmespen. Olla-billa, kelmeymen!».

Chervyakov usınday keyipte úyine qayttı. Onıń menen generalǵa xat jaza almadı. Olay oyladı, bılay oyladı, oyların qaǵazǵa túsire almay-aq, qoydı. Erteńine kewlindegisin júzbe-júz otırıp aytıw ushın, generaldıń aldına jáne keliwge tuwrı keldi.

— Keshe de kelip, tınıshıńızdı alǵan edim, baslıq aǵa! — dep gúbirlendi ol general qaǵazdan basın joqarıǵa

kótergende, — Meniń keshegi kelgendegi oyım, siz aytqanday, sizdi mazaqlaw emes edi. Men sizge túkirigimdi shashıratıp alǵanman... Al, mazaq qılıw oyıma da kirip shıqpaǵan. Mazaqlawǵa dátim de shıdamaydı. Eger hárkim kelip, sizdi mazaqlay berse, basshıǵa húrmet qala ma?... Qalmaydı...

— Tur, joq bol!!! Generaldıń denesin dirildi basıp, júzi kógerip, baqırıp jiberdi.

— Ne-e? Ne dedińiz? Chervyakovtiń júzi onnan bes beter quwardı.

— Tur, joǵal deymen!!! General ayaǵın tapıldatıp, aldınǵı sózin qaytaladı.

Chervyakovke óziniń bawırın birew suwırıp alǵanday túyildi. Ol hesh nárseni kórmey, hesh nárseni esitpey, esikke atıldı, kóshege shıqtı hám súyretilip, jolǵa tústi. Úyine jetkennen keyin, vicmundirin de sheshpesten, ózin divanǵa attı hám jan táslim qıldı.

## EKI JÚZLILIK

Bazardıń ortası menen kásiplik jańa paltosında, qolına tayaqshasın uslaǵan policiya baqlawshısı Ochumelov kiyatır. Izinde miywege tolı tor kótergen járdemshisi (gorodovoy). Átirap jım-jırt... Bazar bop-bos... Jayma dúkanlardıń esikleri de ash arıslannıń awızlarınday úńireyip tur, aldılarında úyrenshikli ash-arıqlarda kórinbeydi. Ochumelovtıń artınan shawqım esitildi.

— Tislemekshi boldıń ba, nálet jawǵır! Otız eki tisińdi tańlayıńa jiberemen, meni bilmeydi ekenseń, ele! Xalayıq, qashırıp almań, onı! Házir birew-birewdi tisleytuǵın zaman emes, awa... uslańlar, onı! Ha-ap! Iyttiń qańsılaǵan dawısı esitildi.

Ochumelov átirapına qaradı. Sawdager Pichuginnıń otın jıynap qoya beretuǵın otınxanasınıń aldınan bir iyt úsh ayaǵı menen sekeńlep, qashıp shıqtı. Izinen jelbegey jeńsizi ishinen shıt kóylek kiygen bir adam quwıp baratır. Óńmeńlep juwırǵanı sonshelli, eńteriliwi menen jerge ushıp ta tústi. Sonıń izinde iyttıń artqı sıyraǵınan shap berip, usladı. Iyttiń ekinshi márte qańsılaǵanı esitildi. «Jazdırma-a, bala!». Adamlar guw-w ete qaldı. Sonıń arasında hár jayma dúkannan uyqılı-oyaw kózlerin uwqalap, bireń-sarań adam kórindi, hápzamatta alaman jıynalıp qaldı.

— Tártip qashqan, baslıq, — dep qoydı gorodovoy.

Ochumelov shepke burıldı da alamanǵa qaray jol aldı. Ol otınxananıń aldında, joqarıda aytılǵan adamnıń jeńsizin sol jelbegey jiberiwi menen ortada turǵanın kórip, onıń kózlerinen «terińdi sıyırıp alaman, nálet jawǵır» degen sózlerdi oqıǵanday boldı. Ushları qanǵa boyalıp, kókke qaratılǵan barmaǵı da onıń jeńimpaz ekenliginen derek beredi. Ochumelov bul adamnıń zerger Xryukin ekenligin jazbay tanıdı. Alamannıń dál ortasında, jerde ayaqların tarbaytıp, qaltırawı menen sol ayıpker aq tazınıń kúshigi qorqınıshtan hám muńlı tárizde dirildep jatır. Ochumelov alamanǵa bastırıp kirdi.

— Há-á, ne bolıp qaldı? Bul ne jıyın? Barmaǵına ne qıldı? Shawqım salǵan kim?

— Biyhaza-ar, ketip baratırsam... — Xryukin jótelin alaqanı menen qıpsalap, gáp basladı, — Mitriy Mitrichten otın almaqshı edim. Birden mına bir iyt maǵan taslanıp, barmaǵımdı tislep alsa boladı ma? Meni keshiriń, baslıq!.. Men bir jumıstıń adamıman... Jumısım mayda. Kúnkórisim, usınnan. Endi barmaǵımdı bir háptege shekem kelege keltire almayman. Maǵan shıǵınımdı tiklep beriń...

Eger hár ótkinshi usılayınsha tislep ala berse, onda jaqtı dúnyada jasawımnıń ne keregi bar?

— Him-m! Yaqshı... Ochumelov bir jótelip aldı da, moynın bılay-bılay burawı menen órli-ǵurlı júrdi, — Men iytin óz baydalına jiberip qoyıwdıń ne ekenin iyesine kórsetip qoyaman. Qararǵa boysınbaytuǵın adamlarǵa kórsetip qoyıwımız kerek. Men onı qatırıp ayıp pul tólewge tartaman. Onnan keyin barıp, meniń kim ekenligimdi, iytin qańǵalatıp jiberip qoyıwdıń ne ekenligin jaqsı biletuǵın boladı. Men onıń enesin tanıtıp qoyaman! Eldırin, — gorodovoyǵa júzlendi, — tezden iyttiń iyesin anıqla da, protokol jaz! Iytti atıp taslaw kerek. Toqtawsız! Qutırǵan bolıwı da múmkin. Iyttiń iyesi kim dep sorap atırman men, sizlerden?

— General Jigalovtıń iytine uqsaydı, baslıq! Alamannıń ortasınan dawıs keldi.

— General Jigalovtiki?.. Him-m! Eldırin, paltomdı sheshisip jiber! Náp-bálá, kúnde ısıyın dedi me? Jawınnıń ákseri bar ma, qalay-qalay? Men bir nárseni túsinbey atırman, ózi? — Ochumelov Xryukinge bet burdı. — Iyt seniń barmaǵıńdı qalay tisleydi, ózi? Onıń awzı qayaqta, seniń barmaǵıń qayaqta? Qalay awzı jetedi? Ol bir ele kishkentay kúshik bolsa? Al, sen qaraysań ba ózińe, engezerdey bir dáwsebenseń! Barmaǵıńdı óziń shege menen shuqlap, qanatıp, sońınan qıyalıńa aldaw ideyası kelgen bolmasın, jáne! Men sizlerdi, jaqsı bilemen, qanday xalıq ekenińizdi!

— Onıń ózinen boldı, baslıq! Adamlardı kúldiriw ushın shegip otırǵan shılımınıń shoǵın iyttiń murnına tıqtı. Iyt te tiri jan, qarap qalmadı, qawıp aldı... Ózi sonday, duzsız adam!

— Ótirik sóyleme, qıysıq, saǵan ne joq! Kóziń kórmegen bolsa, ne qılasań, ótirik sóylep. Biziń baslıq aqıllı adam,

kimniń durıs sóylep atırǵanın, qudaydıń aldında kim haq ekenligin sennen jaqsı biledi. Eger men rastan da ótirik sóylep atırǵan bolsam, sudyaǵa (mirovoyǵa) barayıq. Onıń qolındaǵı nızamlarda bári anıq jazılǵan... Meniń aǵam da jandarmda isleydi... Eger bilgińiz kelse...

— Boldı, gápti toqtatıń!

— Yaq, bul generaldıń iyti emes, — dedi gorodovoy oyǵa talıp, — Generaldıń iytleri bunday emes. Onıń iytleriniń kópshiligi urıstıratuǵın iytlerden.

— Sen, onı anıq bileseń be?

— Anıq bilemen, baslıq!

— Men de jaqsı bilemen. Generaldıń úyindegi iytler qımbat turatuǵın, hasıl tuqımlı iytler. Mına birewdi iyt bile me, qayaqtan shıqqanın? Ya júni, ya sın-sımbatı bolmasa, mázi bir súlder... General usınday iyt saqlaydı dep oylaysızlar ma? Eslerińiz jayında ma ózi? Eger tap usı iyt Peterburgta, yamasa Moskvada qolǵa túskende, bilesiz be, ne qıların? Ol jaqta nızamdı titkilep otırmastan-aq, sol jerde atıp taslaǵan bolar edi. Sen, Xryukin, jábirkeshseń, bul isti ayaqsız qaldırmań. Iyesine úyretip qoyıw kerek. Waqtı keldi...

— Bálki, generaldıń iyti bolıwı da múmkin, — gorodovoy oyın sırtqa shıǵardı, — Jaqında úyine barǵanda, tap usınday bir iyt kórgendey bolıp edim.

— Sóz joq, generaldıń iyti! Alamannıń arasınan jáne dawıs keldi.

— Him-m! Eldırin, bawırım! Paltomdı qayta kiydirip jiber... Jelbizek baslanayın dedi me? Samal jeti júyremnen ótip baratır... Sen onı generalǵa aparıp kórset hám anıqlap qayt! Aytıp ta qoy, bunnan bılay, iytin kóshege jibermesin! Qımbat turatuǵın iyt bolıwı kerek! Hár ótkinshi shoshqa onıń murnına shılımınıń shoǵın

tığıp ala berse, iyt uzaq jasay ma? Al, sen samsam, túsir qolıńdı! Iytke alğısız barmağıńdı shoshaytasań, sonshelli. Ayıp ózińde!

— Generaldıń aspazı kiyatır. Sonnan sorap kóreyik... Hey, Proxor! Berman kel, qarağım! Mına iytti bir kórip jiber... Sizlerdiń úyińizge tiyisli emes pe? Ol keldi.

— Sandıraq gáp! Bunday iyttiń biziń úyde tuqımı da bolmağan!

— Boldı, túsinikli boldı. Basqa talqılap otırıwğa da qájet qalmadı... — dedi Ochumelov, — bul júrgen bir qańğıbas iyt. Bastan-aq, aytıp edim-aw, ózim, qańğıbas dep. Ras shıqtı... Atıp taslaw kerek. Tamam, wassalam!

— Bul bizlerdiń iytimiz emes, — gápin dawam etti Proxor, — generaldıń ağasınıń iyti. Jaqında úyge iyti menen qıdırıp kelip edi. Biziń úydegiler ańshı iyt emes. Generaldıń ağası ańshı. Sol sebepli tazı saqlaydı...

— Haw..., ağası keldi me? Vladimir Ivanovich pe? — Ochumelovtiń júzine kúlki shıray juwırıp soradı, —Má-sağaan! Hay-y, ózim de sezip edim-aw! Qıdırıp kelgen eken-dá?

— Awa, qonaqqa kelgen...

— Qarań, mınağan!... Tuwısqan degen, birin-biri sağınadı... Al, men onnan pútkilley biyxabar ekenmen. Demek, iyt sonıń iyti eken-dá! Qanday quwanıshlı... Bar, alıp kete ber... Iyttiń iyesin tanıwın qara... Ne, onshelli dirildeyseń? Ír-r-r... Ashıwıń kelip atır ma, sadağań keteyin, kúshigi túspegir...

Proxor iytti ózine shaqırıp aldı da, onıń menen otınxanadan uzaqlastı... Alaman Xryukinniń ústinen wahahasın balalatıp jiberdi. «Men sağan kórsetip qoyaman!», — dedi Ochumelov ta oğan dápinip hám paltosın qayta kiygennen keyin burıngı jolına tústi.

## DUZÍ BASÍM JOLAWSHÍ

Zemlemer (jer ólshewshi) Gleb Gavrilovich Smirnov «Gnilushka» («Tozǵan awıl» mánisinde) temir jol stanciyasına da kelip jetti. Oǵan jer ólshep beriw ushın arnawlı jiberilgen jerine jetip alıwǵa ele atlı arbaǵa 30-40 versta (ruslardaǵı, bir versta-2, 1336 km) jol bar edi. (Eger arbakesh saw hám atı da júyrik bolsa otız verstadan aspaydı, al arbakesh súmiltir, onıń ústine atı qurshańqı bolsa, eliw verstaǵa sozılıp ketedi). Klim stanciya jandarmına kelip, jolıqtı. «Kólik, at arba qayaqtan tabaman?» degen soraw menen.

— Kólik? At arba deyseń be? Bul jerden eki júz shaqırımǵa shekem at arba túwe, qańǵırıp júrgen iytti tabıwdıń ózi qıyın, aǵayin! Qayaqqa barmaqshı edińiz, ózi?

— Devninaǵa. General Xoxotovtıń jurtına.

— Ne? Jandarm esinen tanıp qalayın dedi. Meyli, stanciyanıń artqı tarepine shıǵıp kór. Sol jerde geyde birli-yarım jigitler otırıp, adam tasıw menen shuǵıllanıwshı edi. Zemlemer bir awır gúrsinip aldı da, stanciyanıń arqa tárepine ketti. Kóp izlep, sóylesip hám biraz ekilengennen keyin iri gewdeli, qabaqları úyilgen, beti bujır-bujır, ústine jamaw-jamaw ústki hám ayaq kiyimler kiyip alǵan bir jigit penen keliskendey boldı.

— Arbań qalay-qalay ózi? — dep tonqıldadı zemlemer arbaǵa minip atırıp, — Bunıń aldı qayaqta, artı qayaqta? Túsinip bolmaydı.

— Onıń ne túsinbegi bar? Attıń quyrıǵı jetken jer-aldı esaplanadı, al seniń otırǵan jeriń-artı. Arbakesh joqarı kóterilip, atınıń moyıntırıǵın, er-júwenin tuwrılap, bir qamshı urǵanda at basın mázi bir shayqadı da qoydı.

Al, ekinshi márte sóginip, attı qamshılap jibergende, bezgek tiygendey silkinip, shıńǵırıp jiberdi. Úshinshi qamshıdan keyin, arba shayqaldı. Tórtinshi qamshıdan keyin ǵana at arba jolǵa tústi.

— Jetip barǵansha, endi usı júris pe? — dep tońqıldadı zemlemer awıllıq orıslarǵa úyrenshikli bolıp ketken kórinisten tańlanıp...

— Jete-e-miz! — Arbakesh onı tınıshlandırdı, — Biye jas, onıń ústine júyrik. Bir jonın qızdırsań boldı, keyin toqtatıw, múshkil. Shu-w-w, deymen janıwar!

Arba stanciyadan shıqqanda biraz qas qarayıp qalǵan edi. Zemlemerdiń oń tárepinde qarańǵılıq qushaǵında tońlaǵan, shet-shebirsiz alańlıq kósilip atır. Oǵan enisseń, quda biledi, qayaqlarǵa shıǵınıp keterińdi. Kók jiyektiń aspan menen tutasqan jaǵınan salqın gúzdiń háwiri keledi. Joldıń shep tárepinde qarańǵılıqtan qanday da bir tóbeshiklerdiń, gúdilerdiń, awıllardıń súlderleri kózge taslanadı. Aldı tárepinde ne jatır? Onı kórip bolmaydı. Sebebi, onı arbakeshtiń engezerdey jawırını jawıp taslaǵan.

— Ne degen, shalǵay jerler, — dep oylap qoydı zemlemer qulaǵın shinelinıń jaǵası menen qıpsalap atırıp, — Ya bir el, ya bir úy bolmasa. Bul jerde birew saǵan hújim jasap, tonap ketse, heshkim onı bilmey de qaladı. Mıń márte toptan atqılay ber, heshkim esitpeydi de. Onıń ústine arbakesh te dım isenimsiz. Jawırınına qara! Usınday bir dáwseben topılıp qalsa, janıń jáhánnemge ketti dey ber! Bet-álpeti de haywan taqiletli, gúmanlı.

— «Háy, qaraǵım! — dep soradı zemlemer, — Atıń kim, seniń?». «Meniń be? Klim». «Qalay, Klim inim, bul jerlerde jasaw? Qorqınıshlı emes pe? Heshkim tiyispey-me?»

— «Yaq! Házirshe, quday saqlap kiyatır... Kim tiyiser deyseń?».

— «Heshkim tiyispeytuǵını jaqsı eken. Biraq, sonda da joldıń atı-jol. Saqlıqta qorlıq joq dep úsh revolver (eski pistolet) alıp shıǵıp edim, — Zemlemer onı aldap basladı, — Revolver menen házillesip bolmaydı. Bir ózi on qaraqshını jayratıp taslaydı». Átirapqa qarańǵı tústi. Arba birden shıyqıldap, sıqırlap, silkinip basladı hám birden shepke burılıp ketti.

— «Meni qayaqqa aparmaqshı, ózi? — dep qorqıp ketti zemlemer, — Usı jerge shekem tuppa-tuwrı kiyatırǵan arba birden shepke burılıp ketti. Qıyalına ne keldi eken, mına jarımestiń? Bir dút toǵaydıń ishine aparıp hám sońınan. Turmısta neler bolmaydı, deyseń?».

— «Toqta, — dedi ol arbakeshke, — Sen bul jerler qáwipli emes dep atırsań. Ókinishli jeri de sonda. Men qaraqshılar menen tóbeleskendi, alısqandı jaqsı kóretuǵın adamman. Túrime qarama, arıq, biyhazarday kóringenim menen, mende bir ógizdiń kúshi bar. Bir márte aldımnan engezerdey úsh qaraqshı shıǵıp, hújim jasadı. Sońı ne boldı, dep oylaysań? Birewin bir urǵanımdı bilemen, sol jerdiń ózinde qudayǵa amanatın qayta tapsırdı. Qalǵan ekewi meniń ushın Sibirge súrgin qılındı. Sonday kúsh maǵan qayaqtan quyılıp keledi, onı ózim de bilmeymen. Qolıma sendey bir dáwseben jigit túsip qalsa, bileseń be, qańbaqtay ushıp ketedi». Klim artına burılıp, zemlemerge bir qarap aldı, júzin jıyırdı hám atın jáne qamshıladı.

— «Solay aǵayin! — Zemlemer gápin dawam etti, — Meniń menen oynap bolmaydı. Qaraqshılar ayaq-qolsız qalǵanı bılay tursın, sudtıń aldında da juwap beredi. Sudlardıń, ispravniklerdiń (uezdlik policiya baslıǵı) barlıǵı maǵan jaqsı tanıs. Men mámleketlik adamman, kerekli

adamman. Mine, men házir jolda kiyatırman. Biraq, baslıqlarım menin qayaqta kiyatırǵanımnıń bárin bilip otır. Olar meni qorǵap keledi. Barlıq putalardıń arasında uryadniklerimiz (uezdlik oficer) benen sotniklerimiz (qatardaǵı policiya) qalay kiyatırǵanımızdı qadaǵalap otır. To-toq-toqta-a!», — Zemlemer birden qıshqırıp jiberdi, — Sen qayaqqa kirip baratırsan, ózi? Meni qayaqlarǵa alıp keldiń?».

— «Kórmey atırsız ba, ne? Toǵaydıń ishi!».

«Shınında da, toǵay, — dep oylap qoydı zemlemer, — Al, men bolsa qorqıp otırman. Biraq, qorıqqanımdı sezdirmewim kerek... Ol bolsa, qorıqqanımdı sezip qaldı. Háy, qıyalına bir bále keldi-aw, deymen!... Usı jerge shekem ayaǵın annan-sannan basıp kiyatırǵan atı da, qos ayaqqa salıp, shabıwǵa qaradı».

— «Klim, berman qara, inim! Sen nege attı onshelli quwalay beresen?». «Men onı quwalap kiyatırǵan joqpan. Ózi, jorǵalıǵına basıp ketti. Ayttım-ǵo, bir jonı qızsa, onı toqtatıw qıyın dep. Jorǵa ekenine ózinin de kewli tolıp kiyatırmaǵan shıǵar!».

— «Aldaysań, inishek, aldaysań! Ótirik soylep atırǵanıń júzińnen bilinip tur. Men saǵan attı onshelli quwalay bermewińdi másláhát qılaman. Júwenin tartıńqıra. Esitip atırsań ba, tartıńqıra, júwenin!».

— Nege?

— «Solay, solay. Menin izimnen stanciya arqalı tórt joldasım jetip alıwı kerek. Olar usı toǵayǵa kelgende izińnen jetemiz dep maǵan wáde berisken. Olar menen birge júrsek, jol ónedi. Bári ǵırstay, kelseń-kel degen jigitler. Hár qaysısında bir-birden pistoletleri bar... Nege sen, iynenin ústinde otırǵanday, ján-jaǵıńa jaltaqlap qaray beresen? Men, senin aǵańman. Tanımay otırsań ba? Maǵan jaltaqlap qaray beriwdiń dım da keregi joq.

Meniń janımnan adamdı qızıqtırǵanday bir nárse tabıw qıyın. Barı, mına revolverim ǵana! Qálesen, onı shıǵarıp kórsetiwim múmkin, Qáleyseń be?».

Zemlemer qaltasın qarap atırǵanday túr bildirdi. Usı waqta kúni menen qorqıp kiyatırǵan zemlemerdiń qıyalına da kirip shıqpaǵan bir jaǵday júz berdi. Klim arbadan sekirip túsip, eńbeklewi menen álleqayaqqa ǵayıp boldı.

— «Xalayıq! — dep baqırıp baratır ol, — Xalayıq! At ta, arba da, seniki, anturǵan! Meniń janıma rehim qılsań boldı! Xalayıq!».

Tez-tez hám barǵan sayın uzaqlasıp baratırǵan ayaq sesti, maysa shóplerdiń sıtırlısı ǵana esitildi hám sońınan ol da tım-tırıs bolıp qaldı. Ol, endi attı toqtatıp, arbanıń altaqtasına otırdı hám oyǵa shúmdi.

— Qashıp ketti, qorıqqan bolıwı kerek, aqmaq! Endi men ne qılaman? Kete bereyin desem, joldı bilmeymen? Onıń ústine attı urlap alǵan dewi de múmkin. Ne islesem eken? Klim!, Klim!

— «Kli-im!» Juwap ornına jańǵırıq ózine qaytıp keldi.

Endi qarańǵı túndi — toǵayda jalǵız ózi, suwıqta, qasqırlardıń ulıwı, biye kisnewi astında ótkeretuǵın boldım degen qıyalına kelgen pikirlerden zemlemerdiń arqası juwlap ketti.

— Klimjan-ay! — dep baqırdı ol, — Háy, Klim qaraǵım! Qayaqlarǵa ketip qaldıń?

Zemlemer toǵayda eki saattay dawıslap otırdı. Juwap bolmaǵannan keyin táǵdirge tán berip, túbinde toǵayda túneytuǵın boldım degen juwmaqqa kelgen waqta zemlemerdiń qulaǵına qanday da bir sıtırlaǵan ses shalındı.

— Klim! Sen be, qaraǵım! Qáne, kettik!

— Ó-ó-óltireseń!

— Haw, men oynap ayttım, qaraǵım! Quday ursın

meni, oynap ayttım! Mende revolver ne jesin! Qorıqqanımnan awzımnan shığıp ketti. Ózińe kel, keteyik! Tońıp baratırman!

Eger bul shınında da, qaraqshı bolğanda, álleqashan at penen arbanı alıp ketip qalğan bolar edi. Demek, qaraqshı emes degen juwmaqqa kelgen. Klim toğaydan shıqtı hám arbağa jaqınlastı.

— Háy-y, sen de bir, qoyan júrek ekenseń, sonshelli qorqıp qaldıń ba? Men mázi bir oynap ayta qoyıp edim. Al, sen onnan qorqıp qalğansań. Otır, arbağa!

— Quday atsın, sizdi jolawshı! — Klim tońqıldawı menen arbağa mindi, — Eger usınday boların bilgende, júz som bergeninde de, jolğa shıqpağan bolar edim. Júregim jarılıp, tas ólimnen qaldım.

Klim atın qayta júwenledi. Arba sıqırladı. Klimniń qamshı basıwı menen arba silkinip ketti. Zemlemer bolsa, jağasın joqarı kóterip, qulağın panaladı hám arbada otırıp, oyğa shúmdi. Endi, onıń kózine Klim de, jolda qáwipsizdey kórindi...

## MAZMUNÍ

Uayld Oskar .................................................. 3
Juldız bala .................................................. 3
Andersen Xańs Kristian .................................................. 23
Koroldiń jańa lipası .................................................. 23
Súykimsiz palapan .................................................. 30
Chexov Anton Pavlovich .................................................. 43
Awıldaǵı atama xat .................................................. 43
Jaǵımpazdıń ájeli .................................................. 48
Eki júzlilik .................................................. 52
Duzı basım jolawshı .................................................. 57